



IIKA

Radyo Ekstansyon  
Pwojè Repèpleman Kochon

Centro Interamericano de  
Documentación e  
Información Agrícola

10 NOV 1993

IIKA — CIDIA

## PWOGRAM RADYO RIRAL

3 Pawòl

Vol.: 1

Piblikasyon No.: A2/HT-88-170

IIKA  
C20  
M277  
v.1

Otè:


Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon

11CA

PM

A21HT

88-170



## **ACKNOWLEDGEMENT**

*We all know that extension work is team work. So, I would like to take this opportunity to thank first of all:*

*The Swine Repopulation Director:*

*Drew Kutschenreuter*

*and Dr. Maureen Birmingham*

*Dr. Ariel Azael*

*Nutritionist Alfredo Mena*

*and all our agronomists:*

*Willy Lamur*

*Michelet Mascary*

*Raoul Jean-Louis*

*Jean-Claude Beauvais*

*Pierre St. Leger*

*Renaud Jean*

*The institutions of MCC and PADF and Chavannes Jean-Baptiste together with all the patriots who have the interest of Haiti at heart.*

*I would like to especially thank Radio Haiti Inter, for the realization of these programs. Also for the technical assistance of Mano and the Chief of productions Jean-Israel Ramo, who have shown me much patience and collaboration and have also lend me their voices.*

*We appreciate the creativity of the Grandanse farmers for the diferent songs on health which they were so kind to let us use in many of our programs also Helen Welle for the song on "3 kinds of food", and many others.*

*Danièle Mangonès-Dejean  
Radio Extention Coordinator  
IICA/Haiti*



1 1

1 1

0000480

## REMESIMAN

*Nou konnen ke travay ekstansyon se yon travay ekip li ye.  
Donk mwen ta renmen remèsye kolaborasyon tou dabò:*

*Direktè Pwojè Repèpleman Kochon*

*Drew Kutschenreuter*

*ak Doktè Maureen Birmingham*

*Doktè Ariel Azael*

*Nitrisyonis Alfredo Mena*

*epi agronòm-nou-yo:*

*Willy Lamur*

*Michelet Mascary*

*Raoul Jean-Louis*

*Jean-Claude Beauvais*

*Pierre St. Leger*

*Renaud Jean*

*Enstitisyon MCC ak PADF epi Chavannes Jean-Baptiste*

*ak tout lòt konpatriyòt-yo ki gen enterè Ayiti nan*

*kè-yo.*

*Tout moun sa-yo te banm anpil lide pou fè diferan pwogram  
 radyo rural-yo.*

*Mwen ta renmen remesye espesyalman Radyo Ayiti Entè pou  
 realizasyon pwogram-yo epi pou asistans teknik Mano epi chèf  
 pwodiksyon-yo-an Jean-Israel Ramo pou pasyans ak kolaborasyon-  
 yo epi vwa-yo.*

*Nou apresye kreyativite elvè Grandans-yo pou diferan chante  
 sou sante bèt ke yo te fè-nou jwenn pou diferan pwogram epitou  
 Helen Welle pou chante sou 3 manje ak kèk lòt.*

  
Danièle Mangonès-Dejean

Kòdonatèz Radyo Ekstansyon  
IICA/Ayiti

1  
2  
3  
4  
5  
6  
7  
8  
9  
10  
11  
12  
13  
14  
15  
16  
17  
18  
19  
20  
21  
22  
23  
24  
25  
26  
27  
28  
29  
30  
31  
32  
33  
34  
35  
36  
37  
38  
39  
40  
41  
42  
43  
44  
45  
46  
47  
48  
49  
50  
51  
52  
53  
54  
55  
56  
57  
58  
59  
60  
61  
62  
63  
64  
65  
66  
67  
68  
69  
70  
71  
72  
73  
74  
75  
76  
77  
78  
79  
80  
81  
82  
83  
84  
85  
86  
87  
88  
89  
90  
91  
92  
93  
94  
95  
96  
97  
98  
99  
100

*Chak volim reprezante 20 pwogram radyo rural*

*Chak Volim represante 1 mwa difizyon*

*Pwogram Lendi jiska Jedi difize pandan 7 minit*

*Pwogram Vandredi difize pandan 15 minit*

*Chak volim gen 2 kasèt 90 minit ki ale avèk-yo*

*Kasèt sa-yo ale andeyò nan men 50 fòmàtè ki fè fòmasyon pou milye peyizan e milye peyizan sa-yo pataje konesans-yo ak milye lòt. Nou voye leson ki ekri-yo tou anplis, nou voye yon kesyonè pou'n rive konnen opinyon elvè-yo sou pwogram-nan. Ki vle di si kèk bagay pa't klè oubyen yon abitan tè manke yon pati de yon pwogram, li ka gen opotinite ratrape'l ak fòmàtè nan zòn kote l'ap travay-lan.*

*Aprè nou difize 3 mwa de pwogram diferan, nou rebran yon seri de sa ke elvè-yo remande epitou sistematikman nou rebran leson ki trè teknik-yo Plizyè fwa sou dèt fòm.*

1  
2  
3  
4  
5  
6  
7  
8  
9  
10  
11  
12  
13  
14  
15  
16  
17  
18  
19  
20  
21  
22  
23  
24  
25  
26  
27  
28  
29  
30  
31  
32  
33  
34  
35  
36  
37  
38  
39  
40  
41  
42  
43  
44  
45  
46  
47  
48  
49  
50  
51  
52  
53  
54  
55  
56  
57  
58  
59  
60  
61  
62  
63  
64  
65  
66  
67  
68  
69  
70  
71  
72  
73  
74  
75  
76  
77  
78  
79  
80  
81  
82  
83  
84  
85  
86  
87  
88  
89  
90  
91  
92  
93  
94  
95  
96  
97  
98  
99  
100








*Pwogram 3 Pawòl Ki Nan Vol.: I*

- . *Bwa, Se Yon Gwo Danre*
- . *Kèk ti Konsèy sou Kochon*
- . *Koze Yon Kochon Pwòp Ta Ka Genyen Ak Yon Kochon Sal*
- . *Vann Chatre-Ou Lè Li Peze 200 Liv*
- . *La Sante Se Richès*
- . *DIAKOUT-LA CHAJE*
  - . *Pwoblèm ak Solisyon Son de Ble*
  - . *Konsèy Doktè Morin sou Elvaj Kabrit*
  - . *Nouvèl ak Enfòmasyon sou Sistèm Ekstansyon IIKA*
  - . *Mizik Popilè*
  - . *Kisa Antibiyotik Ye e Kijan pou Sèvi ak Yo*
- . *Fason Yo Gade Kochon an Ayiti*
- . *Avantaj ak Dezavantaj Fason Sa-Yo*
- . *Kategori oswa Etap Nan Lavi Kochon-yo*
- . *Kisa Okipasyon Vle Di*
- . *Kijan Pou Fè Bon Seleksyon*
- . *Kwazman - Kilè ou Dwe Kwaze Yon Kochon*
- . *Kondisyon ou Dwe genyen Avan Ou Kwaze Yon Kochon Pou Premye fwa*
- . *Jestasyon*
- . *Swen Pou Bay Kochon Ki Plenn*
- . *Metba*
- . *DIAKOUT-LA CHAJE*
  - . *Esplikasyon sou kèk Mo*
  - . *Diferan Bagay Ki Ka Kòz Maladi*
  - . *Zen Sou Kann*
  - . *Kisa Pou'n Fè Lè gen Dyare Kay Ti Kochon*
  - . *Mizik Popilè*
  - . *Kijan Ou Ka Fè'n Konnen Si Ou Gen Yon Pwoblèm oubyen si ou Bezwen Yon Ti Ekleraj Sou Pwogram 3 Pawòl-la*
- . *Esplikasyon Sou Vaksen*
- . *Eske La Fyèb Se Yon Maladi*



- . *N'ap rebran 2 Kalite Antibyotik Ki Ka Itil-Nou*
- . *Kèk Ti Konsèy Doktè Morin Si Nou Gen Bèf, Chwal, Kochon Oswa Kabrit*
- . *Kijan Pou'n fè Bon Fwen*
- . *Manman Kochon Ki Manke Lèt*
- . *Konsèy Doktè Morin Sou Zafè Kwazman*
- . *Kèk Ti Konsèy Sou Mizba*
- . *Gerizon San Remèd*
- . *Gerizon Avèk Dlo*
- . *Kilè Dlo-a Kapab Pi Bon Pase Remèd*
- . *Remèd Ki Bon Epi Sa Ki Pa Bon*
- . *Kijan Pou'n Sèvi Ak Remèd*
- . *DIAKOUT-LA CHAJE*
  - . *Eksperyans Yon Elvè Bonbad Ap Pataje Ak Yon Makòmè Pòdepè*
  - . *Mizik Popilè*
  - . *Kisa Pou'n Fè Si Nou Gen Yon Ti Pwoblèm Oubyen Si Nou Ta Bezwen Asistans Ak Yon Ti Demonstrasyon*
- . *Swen Pou Bay Ti Kabrit*
- . *Kijan Pou Retire Kòn-yo*
- . *Lè Ou Pral Achte Kabrit, Kijan Pou Chwazi-yo*
- . *Kisa Elvaj Poul Vle Di*
- . *Diferan Kalite Elvaj Poul*
- . *Diferan Kalite Poul*
- . *Kondisyon Ou Dwe Genyen Lè W'ap Fè Elvaj Poul*
- . *Siy Maladi Ki Grav*
- . *Ransèyman Ou Fèt Pou Bay Yon Doktè Veterinè*
- . *Kèk Maladi Bèt Ak Moun Konn Genyen*
- . *Poukisa Nou Ta Dwe Limite Izaj Antibyotik*
- . *Yon Ti Istwa*
- . *Lòt Kòz Rezistans*
- . *Yon Ti Gid Pou Ede-nou Itilize Antibyotik-yo*





A: **PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

DE: *Danièle Mangonès-Dejean*  
*Koodonatèz Radyo Ekstansyon*

POU: **PWOGRAM 3 PAWOL LENDI 16 JANVYE 1989**

KONTWOL: **ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

NAR.1: *Jodi-a n'ap prezante: BWA - SE YON GWO DANRE*

KONTWOL: **BWI TI ZWAZO K'AP CHANTE NAN FON-AN**

NAR.1: *Nou bò Kenskòf, yon ti zòn ki fre, ki bèl. Kote nou fè bèl  
legim e ki sèvi pou fè bon elvaj bèl.*

MEOME: *Ti Dan, ou wè saki pase ak denye gwo lapli-an? Lavalas pòte  
tout tè rapò nou te genyen bò isit-yo!*

TI DAN: *Aaaa Meome, sònje sa fè kèk ane gran papa-ou t'ap plede di-ou:  
pale ak moun-yo, motive kominote-an pou lè yo koupe bwa, pou  
yo plante bwa.*

MEOME: *Konsi, ou vle di'm la-a, pyebwa gen yon bagay pou wè ak tè  
rapò n'ap plede pèdi-yo?*

TI DAN: *Pyebwa gen anpil itilite Meome, menm lè nou rekolte'l.*

MEOME: *Ou toujou ap ranse ou menm! Tankou, kisa, kisa? Pale koze-ou  
non.*

TI DAN: *Pyebwa kenbe frechè nan tè, pyebwa pwoteje tè-nou-yo, rasin-li  
kenbe tè-an. Fèy bwa-a tounen fimye pou grese tè-an.*





**MEOME:** *Ma chè-o makòmè ti Dan, pyebwa se gwo zen! Kouman fè mwen pa janm bay pyebwa-yo enpòtans? Idem-non Ti Dan. An-nou òganize yon ti koze sou sa ak moun nou-yo. Wa ka esplike-yo menm jan ou fèk esplike'm la-a.*

**TI DAN:** *Nan pwoblèm Meome. An-nou fè sa Samdi k'ap vini-an.*

**KONTWOL:** *MIZIK POPILE AN-NOU PLANTE BWA (FADE OUT)*

**NAR.1:** *Plante pyebwa nan zòn-nou-yo. Bwa se yon gwo danre.*

**NAR.2:** *Ou rekolte bwa pou fè planch, ou rekolte bwa pou fè poto, ou rekolte bwa pou fè kay, ou rekolte bwa pou fè chabon.*

**NAR.1:** *Pa bliye, plante pyebwa pou pwoteje tè-nou-yo epitou pou'n fè lajan.*

**KONTWOL:** *MIZIK POPILE AN-NOU PLANTE BWA. FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*





**A:** *PWOGRAM RADYO EKSTANSYON*

**DE:** *Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdinatèz Radyo ekstansyon*

**POU:** *Pwogram 3 pawòl Madi 17 Janvyè 1989*

**NAR.1:** *Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: KEK TI KONSEY SOU KOCHON - KOZE YON KOCHON PWOP TA KA GENYEN AK YON KOCHON SAL - ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IIKA. Nou invite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.*


**NAR.2:** *Lè ou pran desizyon fè elvaj kochon pou premye fwa:*

- *Chache konnen pri kochon nan zon-ou.*
- *Chache konnen konbyen sa pral koute-ou pou okipe kochon sa-a pou asire-ou ke ou va jwenn yon benefis.*
- *Anvan ou achte yon kochon, chache konnen si ou jwenn ase manje bò lakay-ou pou kantite kochon ou ta vle okipe.*
- *Konnen ki kantite kochon ou kapab okipe byen. Pito ou okipe yon sèl byen tan pou ou mal okipe 3 ou plis.*

**KONTWOL:** *BWI KOCHON NAN FON-AN K'AP (FADE OUT) APRE NARATE-AN*

**NAR.1:** *Nan anpil ti pale nou konn fè sou kochon, jodi-an nou vinn di sa nou kwè yon kochon pwòp ta ka di yon kochon sal.*

**SANTIBON:** *Depi'm te fèt, mwen te toujou nan yon pak ki sèk e ki pwòp, paske atè-a fèt ak siman e yo pwòpte-li de a twa fwa pa jou. Li pwòdòp, Li sèèk!*



**BAKA:** *Ma chè santibon mwen menm mwen pa konen bèl bagay sa-yo. Depi mwen fèt, mwen lage nan labou. Mwen pise, mwen watè, tout rete kotem-nan paske pak mwen an pa simante. Lè gen lapli menm, mwen paka pale.*

**SANTIBON:** *Poukisa mèt-ou-an pa retire ou lan sitiyasyon sa-a?*

**BAKA:** *En ben Santibon, petèt se paske yo toujou di ke kochon renmen labou. Antouka, mwen pa konnen kisa mwen ta bay pou'm ta pwòp menm jan avèk-ou.*

**SANTIBON:** *Baka mon chè, se pa pwòp mwen pwòp sèlman non. Lè mwen lan pak konsa, mwen pa fè fas ak bagay ki rele mikwòb, ki ka banm maladi. Lè fini mwen manje pi byen, dlo pou'm bwè pi pwòp. Mwen pwofite pi vit. Sa fè ke avan lontan mwen pral kòmanse bay bon randman. Lè'm fè pitit, yo pa'p mouri akòz salte/manmèl mwen pa'p anfle. Si mèt ou te fè sa pou-ou, vi-ou t'ap chanje.*


**BAKA:** *En byen ma chè Santibon, m'ap espere ke avan lontan sa ta fèt konsa. Non sèlman pou mwen, men pou tout lòt kochon ki lan men-m kondisyon avèk mwen.*

**KONTROL:** *MIZIK POPILE SOU PWOPTE (PREGRAVE)*

**NAR.1:** *Mezami-o, elvè-yo, mèt kochon-yo: an-nou wè si nou ta fè yon jefò pou'n kenbe kochon nou-yo pwòp e sèk.*

**KONTROL:** *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PREGRAVE.*





A: **PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

DE: *Danièle Mangonès-Dejean*  
*Koòdinatèz Radyo Ekstansyon*

POU: *Pwogram 3 pawòl Mekredi 18 Janvyè 1989*

NAR.1: *Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: VAN CHATRE-OU LE LI PEZE 200 LIV*

NAR.1: *Bò Dam Mari nou rankontre ak kèk elvè ki fè pati yon kooperativ. Yo te pran yon pil tan pou rive kwè ke tèt ansanm se sèl jan yo te ka rive fè yon benefis. Men malgre yo dakò sou piplis bagay yo diskite sou elvaj-- yon pwen ki koz gwo dezagreman ant yo se: ki pwa ideyal ou dwe kite kochon-ou rive lè w'ap angrese'l.*

GABNI: *Nou pa konprann anyen nou menm...nou pa konn fè komès. Fòk nou konn kenbe. Mwen menm m'ap tann pri-yo monte anvan mwen van kochon-m-nan.*

*Fòk mwen montre-nou ki kalite elvè mwen ye. M'ap tann kochon-m-nan rive 300 liv anvan mwen mennen'l nan mache.*

INOSAN: *Mwen menm, mwen pi entelijan pase nou tout la-a. M'ap tann kochon-m-nan rive pi gwo pase pa nou-yo*

DAN: *Mesye, mesye, sispann goumen non, nou gen lè nou pa sonje konsèy Konpè Sentilè te pòte pou nou mwa denye-an sou pwoblèm ki poze lè nou kite kochon nou yo vinn twò gwo.*

GABNI: *Ban'n zen-an non.*





*DAN: Li miyò pou vann yon chatre lè li peze 200 liv paske lè ou pran yon kochon ki peze 100 liv, li kapab grandi byen si ou bali 2 gwo mamit bon manje peyi. Men, yon kochon ki peze 300 liv bezwen 2 gwo mamit pou kenbe kò-li ak 2 lot gwo mamit pou'l vinn pi gra. Donk li pi chè pou angrese yon gwo kochon.*

*GABNI: 2 gwo mamit pou kenbe ko yon kochon 300 liv epi fòk ou mete yon lòt 2 gwo mamit manje peyi pou kochon sa-a vin pi gra?*

*DAN: Se sa menm. Frèm-yo, pa kite chatre kochon-nou-yo vinn pi gra ke 200 liv paske lè sa-a n'ap depanse anpil lajan nou p'ap kapab rantre.*

*Sonje: van chatre-nou-yo lè yo rive 200 liv.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PREGRAVE.**





**A:** *PWOGRAM RADYO EKSTANSYON*

**DE:** *Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdinatèz Radyo Ekstansyon*

**POU:** *Pwogram 3 pawòl Jedi 19 Janvyè 1989*

**NAR.1:** *Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: LA SANTE SE RICHES*

**NAR.1:** *Menm jan ak nou menm kreyen vivan, bèt nou-yo bezwen gen la sante pou yo ka manje byen, grandi byen e finalman pou yo ide nou jwenn lavi miyò.*

**NAR.2:** *Kijan ou konnen yon kochon an sante?*

**NAR.1:** *Kochon ou an sante lè li vanyan. Lè ou wè li manje byen e li bwè byen. Li kiryèz e li grandi byen. Li mache san pwoblèm. Lè ou gade jansiv-li ak andedan po je-li ou wè yo byen ròz. Chak jou li pou pou e pipi nòm al. Plim-li swa e yo byen kouche sou tout kò-li.*

*Lè ou abitye ak bèt-ou, lè ou pòte manje oubyen dlo pou li, li toujou kontan wè-ou. Lè konsa li fè yon bwi ki fè-ou konnen ke'l kontan. Si ou wè sa chanje ou dwe al bò kote'l, obsè-ve'l, manyen'l, wè si'l pa malad.*

**NAR.2:** *Kisa ou dwe fè si ou ta remake konpòtman kochon-an chanje?*

**NAR.1:** *An'n sipoze se yon kochon ki pa manje. An'n sipoze tou ke se yon manman ki nouris. Lè sa-a ka-a grav anpil paske si ou*



*pa jwenn ou jan pou fè'l manje byen vit, lèt-li ka koupe, li ka pèdi tout ti kochon-li-yo epitou li menm tou, ka vinn trè malad kote ou ka menm pèdi'l.*

**NAR.2:** *Kisa nou ka fè nan ka sa-a?*

**NAR.1:** *Manyen dèyè zòrèy-li epi nan fant kwiss-li. Si ou wè li cho anpil; retire ti kochon yo bò kot manman-an epi benyen manman-an epi bali ANTIBYOTIK (na esplike ou ki kantite e kijan pou bali medikaman sa-a) Apre sa chache kèk ti manje ou konnen li renmen pou'l ka rekòmanse manje byen vit pou lèt li pa koupe nèt.*

*Sa se yon konsèy senp ki ka evite-ou pèdi anpil lajan paske de fwa nou ta gen dwa rezoud yon pwoblèm ak yon solisyon senp men kòz nou pa konn kisa pou'n fè li tounen yon ka grav ki ka fè'n pèdi anpil lajan.*

**PA BLIYE KONESANS SE RICHES E EVITE MIYO PASE MANDE PADON!**

**KONTWOL:** *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PREGRAVE.*





**A:** *PWOGRAM RADYO EKSTANSYON*

**DE:** *Daniele Mangones-Dejean  
Koodinatez Radyo Ekstansyon*

**POU:** *Pwogram 3 pawol vandredi 20 Janvye 1989*

**KONTWOL:** *ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*

**NAR.2:** *Jodi-a 3 pawol pote pou nou: DIAKOUT-LA CHAJE ak Daniele Mangones-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IIKA. Nou envite-nou pataje kozman sila-yo avek nou. Men kisa DIAKOUT CHAJE pote pou nou jodi-a:*

**NAR.1:** *Pwoblem ak solisyon sou SON DE BLE*

**NAR.2:** *Konsej Dokte Moren sou Elvaj Kabrit*

**NAR.1:** *Nouvel ak enfomasyon sou system ekstansyon IIKA*

**NAR.2:** *Misik popile-----*

**NAR.1:** *Kisa antibyotik ye e kijan pou sevi ak yo?*

**KONTWOL:** *MIZIK APROPRIYE*

**NAR.1:** *Kisa elve-yo panse sou zafe son de ble?*





**NAR.2:** *Yo kwe yo pa ka elve kochon-yo san son de ble e poutan yo nan ere.*

**NAR.1:** *Ki konsey ou ka bay pou ede moun-yo konprann kisa son de ble-a ye?*

**NAR.2:** *Son de ble se yon pay li ye. Se yon sous eneji. Li pa yon manje konple. Se tankou si yon moun ta chita manje bannann chak jou san legim ou byen li pa ta janm jwenn yon ti bout vyann. Le sa-a li pap grandi byen e li pap ka devlope.*

*Anplis son de ble ra e li koute che anpil. Li ta pi bon sevi ak sa ou genyen bo lakay ou tankou tout kalite fey kochon manje: fey bwadom, bwa patat, fey bale, fey doliv elatriye ak yon seri de fwi ak lot manje tankou: veritab, mango, zaboka, monben, labapen, kann, po bannann, po patat, epi tout pay: tankou pay pitimi, pay diri, pay mayi ak tout res manje ki pa sevi.*

**NAR.1:** *Ki vle di, tout lajan sa-a elve-yo ap plede depanse nan son de ble pa menm sevi bet yo jan sa te dwe-ye?*

**NAR.2:** *Afe son de ble-sa-a, se pou nou bliye sa. Se pou nou melanje fey, pay, fwi ak tout lot deche agrikol nou jwenn bo lakay nou. Melanje tout bagay sa-yo ansanm pou nou ka jwenn yon delivrans nan zafe manje kochon.*

**KONTWOL:** *MIZIK APROPRIYE*

**NAR.1:** *Kounye-a n'ap prezante KONSEY DOKTE MOREN SOU ELVAJ KABRIT*

**KONTWOL:** *Kontinye jouk: VEYE KABRIT YO BYEN CHAK JOU. MIZIK APROPRYE*

**NAR.2:** *Kabrit kapab profite nou si nou okipe-yo byen. Yo ka ban-nou:  
vyann  
po-an*



fimye  
let

NAR.2: Pou sa fok nou anpeche maladi kay kabrit e ni fok nou kenbe-yo anfom.

Men kisa pou'n fe:

NAR.1: . Kenbe kabrit yon kote ki pwop e sek e anba yon tonel  
Kabrit rayi labou e lapli.

NAR.2: . Bay kabrit dlo pwop e fre toutan pou yo bwe. Kabrit pa  
bwe dlo ki sal. Kabrit ki resevwa dlo grandi pi vit e  
bay plis let.

NAR.1: . Bay kabrit yo zeb e plant ki vet e jenn avek tout lot  
kalite manje ou ka jwenn. Pa janm chanje kalite manje  
a vit paske li ka fe kabrit-la mal. Si ou bezwen  
chanje kalite manje-a, chanje'l ti kras pa ti kras.

NAR.2: . Bay kabrit yo vemifij (sa se remed pou touye ve andedan  
vant yo) REPETE . Fe sa, chak 3 mwa.

NAR.1: . Le ou bay kabrit vemifij pa bwe let-li pandan 4 jou. le  
ou bay kabrit vemifij pa bwe let-li pandan 4 jou apre ou  
te bay remed touye ve-an.

NAR.2: . Si nan zon-ou genyen pwoblem tetanos, bay kabrit-lan vaksen  
kont tetanos 1 fwa chak ane.

Li bon pou vaksinen manman kabrit-la 3 a 6 semenn avan li  
fe pitit. Li bon pou vaksinen manman kabrit-la 3 a 6  
semenn avan li fe pitit. Bay ti kabrit-yo premye doz  
vaksen le yo gen 1 mwa epi bayo vaksen anko le yo gen 2  
nwa. Poukisa?

Le kabrit vaksinen kont tetanos pou premye fwa, yo bezwen  
yon dezyem doz 1 mwa apre premye doz-la. Le ou vaksinen  
kont tetanos pou premye fwa, fok ou bay kabrit-la yon  
dezyem doz 1 mwa apre premye doz-la.

NAR.1: . Koupe zago-yo souvan pou yo pa vin defomen ou byen enfekte.



NAR.2: . *Pi enpotan: veye kabrit yo byen chak jou.*

NAR.1: *KI NOUVEL ak enfomasyon ou gen pou nou jodi-a Dan?*

NAR.2: *Nou voye yon gwo kout chapo pou agronom nou-yo ki fek pati la-a:*

*Agronom Willy Lamur*

*Agronom Michelet Mascary*

*Agronom Raoul Jean-Louis*

*Yo fek konplete 5 an travay ak IKA. Pou sa yo resevwa yon setifika rekonesans de Biro Santral IKA San Jose Kosta Rica ki di agronom-nou-yo te demontre efikasite-yo ak l'espri kooperatif-yo nan tout fonksyon travay-yo. Setifika sila-a gen siyati direkte jeneral IKA Martin Pineiro. Anplis, yo te jwenn yon bous etid nan Rotari Entenasyonal pou y'al fe yon metriz nan agrikilti. Lamur ak Mascary ale nan Inivesite Portorico, Jean-Louis nan Inivesite Tuskiji, Alabama (nan peyi Eta Zini). Agronom-nou-yo voye yon gwo mesi pou Cisco Ruybal ki te travay anpil pou sa. Mesi Cisco/USAID. Yo remesye tou Tricia Nissen de Biwo Santral Rotary Entenasyonal ki te regle tout aspe finans pou yo. Nou swete-yo bon chans e nou konnen ke tout elve-nou-yo pral sonje yo paske yo te bay anpil de yo menm pou devlopman Riral. Nou swete yo tounen byen vit pou kontinye travay nou tout te komanse ansanm ansanm nan devlopman.*

KONTWOL: *MIZIK APROPRIYE*

NAR.1: *Ou te di ou ta pral esplike sistem ekstansyon IKA ki sa li ye di'n non?*

NAR.2: *Sistem ekstansyon IKA se yon sistem vilgarizasyon li ye nan tout peyi-a. Nou genyen 3 agronom/ekstansyonis, 1 enfimye veterine/ekstansyonis, 2 asistan/ekstansyonis, 1 nitrisyonis epi 2 veterine ki atache a sistem ekstansyon sila-a.*

NAR.1: *Kisa yo fe?*

NAR.2: *Bon, yo fek pase denye 4 an-yo nan tout rakwen peyi-a, yo pran swen prevansyon yo t'ap fe fomasyon pou yon san senkant*



fomate konsa.

NAR.1: *Ou vle di'm la-a nou gen 150 fomate?*

NAR.2: *Non. Nou fome kantite sila-a men, nou chwazi 50 ladan-yo ki travay nan 50 zon diferan. Chak fomate pataje konesans-yo ak eksperyans-yo ak 40 elve pandan yon sik 3 mwa. Chak elve resevwa 12 kou: sou gadinaj, nitrisyon oswa manje kochon ak sante. Nan tout kou sa-yo genyen teori ak pratik.*

NAR.1: *Zanmi ekoute-nou-yo, si nou ta gen kesyon sou pwogram agrikol nou-an 3 Pawol, oswa nou ta bezwen kek ti demonstrasyon, pran kontak ak ekip fomate ki travay ak ekstansyonis IIKA-yo Oubyen ekri nou nan: (BIRO IIKA - Bwat Postal 2020 - Potoprens) REPETE .*

*Men lis fomate nou-yo ak zon travay-yo:*

NOM	ZON
Joseph OMERO	HINCHE
Oliodov DENAUD	PERNAL (BELL.)
Josaphat JEANTY	DESVARIEUX
Jean Ricot PAUL	DESCLOCHES
Gracius A. CLAUDE	ARCAHAIE
Blaise LOUISSAINT	ST-MARC
Sarah BERNARD	MOREAU
Louidor BELLEGARDE	THOMONDE
Joffre ODILON	GONAIVES
Innocent MERAT	GROS-MORNE
Gabeny PIERRE	PIGNON
Maurice ATIS	LA GONAVE
Osmane DERALUS	LA GONAVE
Claude MICHEL	CAPOTILLE
Emile A. AUGUSTIN	FERRIER
Samson NEREE	LIMONADE
Pricilien MILIEN	TROU DU NORD
Dickens ST-HILAIRE	QUARTIER-MORIN
Jean MARCELLUS	MONT-ORGANISE
Sevigne DUCLOS	JEAN RABEL
St-Julien FERTILIEN	PASSE CATABOIS
St-Paul GORGELAS	LA MONTAGNE





Prophete JN-HUBERT ENNERY  
 Justin MOISE ST-LS.-DU NORD  
 Emmanuel BLAISE BOMBARDOPOLIS  
 Edmond SAINTIL ST.M. DE L'ATTALLAYE  
 Arnold LUBIN LIMBE  
 Jn Francois PIERRE CAYES  
 Fortin PERRIN CAMP-PERRIN  
 Saintales DESGRANGES L'AZILE  
 Fortune FRANCOIS CAYES  
 Mme Morena MARS LES ANGLAIS  
 Mme Miguel CHARLESTIN RENDEL  
 Mme Carobert POINTDUJOUR DAMASSIN  
 Wicny DIMANCHE CHARDONIERES  
 Mme Ocenio JOSEPH COTEAUX  
 Gertrude GATEREAU TIBURON  
 Lucie MANUEL PORT-SALUT  
 Jean Jerome DURE LA VALLEE  
 Gerald JOSEPH LEOGANE  
 Theodore AVENAN PTE. RIV. DE NIPPES  
 Mme Blaise LAINE PORT-A-PIMENT  
 Serge PLUVIOSE PETIT-GOAVE  
 Clervil CLAVESSAINT FONDS-DES-BLANCS  
 Elie OCTAVIUS CAYES  
 Frank TOUSSAINT LEOGANE-DARBONNE  
 Faubert TOUSSAINT FORT-JACQUES  
 Romain TREZIL CHATEAUX (ARNIQUET)  
 Joseph CASTOR V.BOURG D'AQUIN  
 Genese SEMERVIL DAME-MARIE  
 Gilbert ST-JUSTE ROSEAUX

**KONTWOL: JOUK GILBERT ST-JUSTE ZON ROSEAUX - MIZIK POPILE**

**NAR.1:** *Kounye-a nou rive nan esplikasyon sou antibyotik epi kijan pou sevi ak li.*

**NAR.2:** *Kisa antibyotik ye?*

*Antibyotik se remed enpotan yo ye. Yo goumen kont bakteri ki koz enfeksyon e plizye kalite maladi. Lè nou sevi avek yo korekteman, yo tre itil.*



NAR.1: *Eske ou ka di-nou si tout antibyotik menm?*

NAR.2: *Gen plizye kalite antibyotik tankou penisilin, tetrasiklin neomisin (repete) Antibyotik yo diferan youn de lot. Yo pa mache menm jan kont enfeksyon nan trip yo (tankou neomisin, tetrasiklin) Gen antibyotik ki mache pi byen kont enfeksyon nan matris tankou penisilin e tetrasiklin. si ou ta gen kek bet ki gen maladi tetanos, chabon oswa wouje, antibyotik ki mache pi byen kont maladi sa-yo se penisilin.*


NAR.1: *Sonje antibyotik yo pa yon jwet. Tout antibyotik gen risk si ou pa sevi avek yo korekteman. Epi gen kek antibyotik ki gen plis risk pase lot.  
TOU SA PA SA KI kantite antibyotik pou'm bay si mwen gen yon kochon ki malad?*

NAR.2: *Kom nou sot we genyen plizye kalite antibyotik. Genyen diferan fom ou ka by medikaman sila-a tou. Tankou ou ka jwenn antibyotik an piki (likid) e ou ka jwenn antibyotik an grenn ke ou bay pa bouch.*

NAR.1: *Mwen konn tande pale de anpisilin an grenn. Kisa li fe e kijan pou sevi avek li?*

NAR.2: *Anpisilin an grenn se yon antibyotik pou konbat nenpot enfeksyon akoz bakteri anndan ko yon kochon. Pa egzanp li ka bon pou ti kochon ki gen dyare.  
Doz oswa kantite ou dwe bali  
Pou grenn ki gen fos 250 miligram bay  
Ti kochon avan li sevre 1/2 grenn 2 fwa pa jou pandan 3 jou omwens  
Ti kochon apre li sevre - 1 grenn 2 fwa pa jou pandan 3 jou omwens  
Jenn kochon - 4 grenn 2 fwa pa jou pandan 3 jou omwens  
Pou grenn ki gen fos 500 miligram bay:  
Jenn kochon - 2 grenn 2 fwa pa jou pandan 3 jou omwens  
Gwo kochon - 6 grenn 2 fwa pa jou pandan 2 jou omwens*

NAR.1: *Sa se grenn e piki-yo?*



**NAR.2:** *Penisilin prokayin se yon antibyotik ki touye tout mikwòb (sa vle di bakteri) le yo atake ko kochon-an. Li ka bon pou yon manman ki gen yon blesi oswa yon enfeksyon nan manmèl oswa yon manman ki gen la fyè.*

*Dòz oswa kantite ou dwe bali se: 1cc pou chak 30 liv pwa bet-la; REPETE donk:*

*Yon kochon ki fèk fèt - yon ka cc - yon ka cc pou yon kochon ki fek fet*

*Yon kochon ki gen 2 mwa - 1/2 cc - REPETE*

*" " " " 4 mwa - 1 a 2 cc -REPETE*


*" " " " 8 mwa - 5 cc - REPETE*

*Plis ke 12 mwa - 10 cc - REPETE*

*Si pwoblem-nan grav anpil pa egzanzp: tetanos \_ double doz-la*

*Lè ou bay yon bèt antibyotik pa touye'l pou manje vyann-li pa zavan 1 semenn. Kite yon semenn pase apre ou te bali piki oswa grenn antibyotik sila-a paske lè ou bay antibyotik li rete yon semenn nan vyann lan e li ka fè moun malad anpil. Sa trè zenpòtan (REPETE).*

**KONTWOL:** *MIZIK AK FEN PWOGRAM-LA PRE-GRAVE.*





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean**  
**Koòdinatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: Pwogram 3 pawòl Lendi 23 Janvyè 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: FASON YO GADE KOCHON AN AYITI.**  
**Avantaj ak Dezavantaj chak fason sa-yo - ak Danièle Mangonès-Dejean, Reskonsab Radyo Ekstansyon IICA. Nou invite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2: Nou pral wè ansanm kèk bagay sou zafè elvaj kochon. Bagay sa-yo, anpil elvè deja konnen yo. Men, pa fwa, yo pa bayo tout enpòtans ke yo genyen. E, Mezanmi, se bagay sa-yo ki sekrè nan yon bon elvaj kochon. Dan, ki fason yo gade kochon an Ayiti?**

**NAR.1: Eh ben Mano, kochon se youn nan bèt ki abitye pi fasil ak kote lap viv-lan. Se sa ki fè yo kapab gade li plizye fason. Tankou: Nan pòchri, nan pak, nan sèka, nan kòd e lage. Nou pral fè yon ti pale sou chak fason sa-yo. Epi nou kapab wè avantaj ak dezavantaj yo chak genyen. Pale nou de kisa yon pòchri ye?**

11  
12  
13  
14  
15  
16  
17  
18  
19  
20  
21  
22  
23  
24  
25  
26  
27  
28  
29  
30  
31  
32  
33  
34  
35  
36  
37  
38  
39  
40  
41  
42  
43  
44  
45  
46  
47  
48  
49  
50  
51  
52  
53  
54  
55  
56  
57  
58  
59  
60  
61  
62  
63  
64  
65  
66  
67  
68  
69  
70  
71  
72  
73  
74  
75  
76  
77  
78  
79  
80  
81  
82  
83  
84  
85  
86  
87  
88  
89  
90  
91  
92  
93  
94  
95  
96  
97  
98  
99  
100  
101  
102  
103  
104  
105  
106  
107  
108  
109  
110  
111  
112  
113  
114  
115  
116  
117  
118  
119  
120  
121  
122  
123  
124  
125  
126  
127  
128  
129  
130  
131  
132  
133  
134  
135  
136  
137  
138  
139  
140  
141  
142  
143  
144  
145  
146  
147  
148  
149  
150  
151  
152  
153  
154  
155  
156  
157  
158  
159  
160  
161  
162  
163  
164  
165  
166  
167  
168  
169  
170  
171  
172  
173  
174  
175  
176  
177  
178  
179  
180  
181  
182  
183  
184  
185  
186  
187  
188  
189  
190  
191  
192  
193  
194  
195  
196  
197  
198  
199  
200  
201  
202  
203  
204  
205  
206  
207  
208  
209  
210  
211  
212  
213  
214  
215  
216  
217  
218  
219  
220  
221  
222  
223  
224  
225  
226  
227  
228  
229  
230  
231  
232  
233  
234  
235  
236  
237  
238  
239  
240  
241  
242  
243  
244  
245  
246  
247  
248  
249  
250  
251  
252  
253  
254  
255  
256  
257  
258  
259  
260  
261  
262  
263  
264  
265  
266  
267  
268  
269  
270  
271  
272  
273  
274  
275  
276  
277  
278  
279  
280  
281  
282  
283  
284  
285  
286  
287  
288  
289  
290  
291  
292  
293  
294  
295  
296  
297  
298  
299  
300  
301  
302  
303  
304  
305  
306  
307  
308  
309  
310  
311  
312  
313  
314  
315  
316  
317  
318  
319  
320  
321  
322  
323  
324  
325  
326  
327  
328  
329  
330  
331  
332  
333  
334  
335  
336  
337  
338  
339  
340  
341  
342  
343  
344  
345  
346  
347  
348  
349  
350  
351  
352  
353  
354  
355  
356  
357  
358  
359  
360  
361  
362  
363  
364  
365  
366  
367  
368  
369  
370  
371  
372  
373  
374  
375  
376  
377  
378  
379  
380  
381  
382  
383  
384  
385  
386  
387  
388  
389  
390  
391  
392  
393  
394  
395  
396  
397  
398  
399  
400  
401  
402  
403  
404  
405  
406  
407  
408  
409  
410  
411  
412  
413  
414  
415  
416  
417  
418  
419  
420  
421  
422  
423  
424  
425  
426  
427  
428  
429  
430  
431  
432  
433  
434  
435  
436  
437  
438  
439  
440  
441  
442  
443  
444  
445  
446  
447  
448  
449  
450  
451  
452  
453  
454  
455  
456  
457  
458  
459  
460  
461  
462  
463  
464  
465  
466  
467  
468  
469  
470  
471  
472  
473  
474  
475  
476  
477  
478  
479  
480  
481  
482  
483  
484  
485  
486  
487  
488  
489  
490  
491  
492  
493  
494  
495  
496  
497  
498  
499  
500  
501  
502  
503  
504  
505  
506  
507  
508  
509  
510  
511  
512  
513  
514  
515  
516  
517  
518  
519  
520  
521  
522  
523  
524  
525  
526  
527  
528  
529  
530  
531  
532  
533  
534  
535  
536  
537  
538  
539  
540  
541  
542  
543  
544  
545  
546  
547  
548  
549  
550  
551  
552  
553  
554  
555  
556  
557  
558  
559  
560  
561  
562  
563  
564  
565  
566  
567  
568  
569  
570  
571  
572  
573  
574  
575  
576  
577  
578  
579  
580  
581  
582  
583  
584  
585  
586  
587  
588  
589  
590  
591  
592  
593  
594  
595  
596  
597  
598  
599  
600  
601  
602  
603  
604  
605  
606  
607  
608  
609  
610  
611  
612  
613  
614  
615  
616  
617  
618  
619  
620  
621  
622  
623  
624  
625  
626  
627  
628  
629  
630  
631  
632  
633  
634  
635  
636  
637  
638  
639  
640  
641  
642  
643  
644  
645  
646  
647  
648  
649  
650  
651  
652  
653  
654  
655  
656  
657  
658  
659  
660  
661  
662  
663  
664  
665  
666  
667  
668  
669  
670  
671  
672  
673  
674  
675  
676  
677  
678  
679  
680  
681  
682  
683  
684  
685  
686  
687  
688  
689  
690  
691  
692  
693  
694  
695  
696  
697  
698  
699  
700  
701  
702  
703  
704  
705  
706  
707  
708  
709  
710  
711  
712  
713  
714  
715  
716  
717  
718  
719  
720  
721  
722  
723  
724  
725  
726  
727  
728  
729  
730  
731  
732  
733  
734  
735  
736  
737  
738  
739  
740  
741  
742  
743  
744  
745  
746  
747  
748  
749  
750  
751  
752  
753  
754  
755  
756  
757  
758  
759  
760  
761  
762  
763  
764  
765  
766  
767  
768  
769  
770  
771  
772  
773  
774  
775  
776  
777  
778  
779  
780  
781  
782  
783  
784  
785  
786  
787  
788  
789  
790  
791  
792  
793  
794  
795  
796  
797  
798  
799  
800  
801  
802  
803  
804  
805  
806  
807  
808  
809  
810  
811  
812  
813  
814  
815  
816  
817  
818  
819  
820  
821  
822  
823  
824  
825  
826  
827  
828  
829  
830  
831  
832  
833  
834  
835  
836  
837  
838  
839  
840  
841  
842  
843  
844  
845  
846  
847  
848  
849  
850  
851  
852  
853  
854  
855  
856  
857  
858  
859  
860  
861  
862  
863  
864  
865  
866  
867  
868  
869  
870  
871  
872  
873  
874  
875  
876  
877  
878  
879  
880  
881  
882  
883  
884  
885  
886  
887  
888  
889  
890  
891  
892  
893  
894  
895  
896  
897  
898  
899  
900  
901  
902  
903  
904  
905  
906  
907  
908  
909  
910  
911  
912  
913  
914  
915  
916  
917  
918  
919  
920  
921  
922  
923  
924  
925  
926  
927  
928  
929  
930  
931  
932  
933  
934  
935  
936  
937  
938  
939  
940  
941  
942  
943  
944  
945  
946  
947  
948  
949  
950  
951  
952  
953  
954  
955  
956  
957  
958  
959  
960  
961  
962  
963  
964  
965  
966  
967  
968  
969  
970  
971  
972  
973  
974  
975  
976  
977  
978  
979  
980  
981  
982  
983  
984  
985  
986  
987  
988  
989  
990  
991  
992  
993  
994  
995  
996  
997  
998  
999  
1000



NAR.2: *Pòchri, nou ta kapab di se yon kay kochon. A tè-a fèt an siman e li genyen yon bèl pant. Li kouvri swa ak tòl swa ak pay, swa ak tach. Sou kote-yo bare swa ak bwa, swa ak planch palmis, swa ak blòk. Andedan-li genyen yon bon kote pou bay dlo ak yon bon kote pou bay manje. Se ta youn nan pi bèl fason pou yon moun gade kochon. Men, ki avantaj pòchri genyen*

NAR.1: *Li pèmèt ou gaspiye mwens dlo ak mwens manje. Li pèmèt kochon-an pi pwòp. Li pwoteje kochon-an pi byen kont maladi ak vè epi ou ka obsève kochon-an pi byen. Kochon an genyen plis sekirite e la pli ak solèy pa bat-li. Men, ki dezavantaj pòchri-an genyen?*

NAR.2: *Kochon-an rete fèmen, se yon prizonye li ye. Si ou pa bali manje, li pa jwenn anyen, menm bagay pou dlo. Bati pòchri koute chè anpil. Si kochon-an fèmen tout tan nan pòchri-an, li pa abitye mache. Sa ka yon gwo problèm lè ou gen pou mennen-l nan mache. Pòchri-a mande ti kòb pou reparasyon tanzantan. Anplis okipasyon pòchri mande anpil travay chak jou. Siman-an tou, kapab fè kochon-an gen pwoblèm nan pye. Sa se te avantaj ak dezavantaj pòchri-a. E pak la?*

NAR.1: *Pak-la se yon kote yo gade kochon ki pa gen siman a tè. Ki bare swa ak bwa, swa ak planch, swa ak palmis. Li kapab kouvri swa ak pay, swa ak tach, swa ak vye tòl. Ki avantaj pak-la genyen?*

NAR.2: *Pak-la pi bon mache pase pòchri-an. Kochon-an an sekirite e li pèmèt ou obsève kochon-an byen. Li pwoteje kochon-an kont solèy e pa fwa kont la pli. Ki dezavantaj pak-la genyen?*

NAR.1: *Pak-la kapab genyen anpil labou. Manje ak dlo lè sa-a kapab gaspiye. Kochon kab pran maladi ak vè pi fasil ke lè*



*li nan pòchri. Li difisil pou ou fè trètman pou yon kochon. Kochon-an rete fèmen. Se yon prizonye li ye. Si ou pa bali dlo, pu pa bali manje, li pap jwenn anyen. Sa se te avantaj ak dezavantaj pak-la. Kounye-a an nou fè yon kòzman sou sèka.*

*NAR.2: Seka-a se yon kote moun gade kochon ki klotire swa ak bwa, swa ak kandelam, swa ak lòt branch pikan. Andedan kloti-a genyen yon pye bwa oubyen yon tonèl ki kapab pare solèy pou bèt-la. W'ap ki-nou ki avantaj sèka-a, ti Dan?*

*NAR.1: Bon, li pi bon mache pase ni pòchri-a ni pak-la e li ka pèmèt-ou obsève kochon-an. Genyen sekirite e li ofri kochon-an yon ti pwoteksyon kont solèy. Li pèmèt kochon plenn ak mal ki kab fè kwazman fè plis egzèsis.*

*NAR.2: Pou dezavantaj-yo menm: tout kochon-yo melanje ansanm, dlo ak manje gaspiye. Genyen anpil labou. Kochon-an trape maladi ak vè fasil e li pa pwoteje kont lapli. Anplis li difisil anpil pou fè trètman pou yon kochon nan kondisyon sa-a. Men, e kòd?*

*NAR.1: Li pi fasil an Ayiti pou ou wè moun mete kòd nan kou kochon-yo. Men yo kapab mete li-tou swa nan pye, swa nan pòtray-yo. Lòt bout kòd-la mare swa nan yon pyebwa, swa nan yon pikèt. Menm jan ak lòt fason-yo, kòd genyen avantaj e li genyen dezavantaj tou. Pale nou de avantaj-yo Mano.*

*NAR.2: Kòd-la bon mache e li pèmèt kochon-an jwenn lòt ti manje lè yo chanje'l plas. Kochon plenn ak mal ki kab fè kwazman fè plis egzèsis. Anplis li pèmèt kochon-yo deplase pi fasil.*

*NAR.1: Pou dezavantaj-yo menm: Kochon-an pa pwoteje kont solèy ak lapli. Sa fè li souffri anpil. Lè fini li pa jwenn bon sekirite. Dlo gaspiye anpil e manje gaspiye tou. Kòd-la kapab toufe kochon-an. Kòd-la kapab blese kochon-an. Si kochon-an pa chanje plas, kote li mare-a ka gen anpil labou. E kounye-a sou elvaj lib.*

*NAR.2: Elvaj lib oubyen lè ou lage kochon-yo, se youn nan fason ke yo gade kochon an Ayiti. Lè sa-a kochon-an lib, li mache tout kote li vle. Avantaj li jwenn se ke li kapab bouske manje ak*



*dlo poukont-li. E, lè ou lage kochon-an, ou pa bezwen lajan pou pak ak kòd. Sa sanble yon bèl bagay, men:*

*NAR.1: Li pi difisil pou obsève kochon-an lè'l lage epi li pa genyen sekirite. Kochon-an ka manje pou pou moun ki ka fè'l gen grenn nan vyann-li. Kochon-an kapab pèdi. Li ka trape maladi pi fasil. Sak pi rèd-la se ke li ka fè anpil dega nan jaden vwazen epi yo ka rive koupe tèt-li tou.*

*NAR.2: Moun kap gade kochon kapab chwazi nenpòt nan fason sa-yo. Chwa li va fè-a pral depann de plizyè bagay, tankou:*

*NAR.1: Valè kòb li genyen. Valè tè li genyen ak sekirite ki genyen nan zòn-li. Mwayen li genyen pou'l jwenn manje, dlo, materyo e latrye.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PREGRAVE.**





**A:** PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE:** Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdinatèz Radyo Ekstansyon

**POU:** Pwogram 3 pawòl Madi 24 Janvyè 1989

**KONTWOL:** ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

**NAR.1:** Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: **KATEGORI OSWA ETAP NAN LAVI KOCHON-YO. KISA OKIPASYON VLE DI EPI KI JAN POU FE YON BON SELEKSYON.** Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab Radyo Ekstansyon IKA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.

**KONTWOL:** MIZIK APROPRIYE.

**NAR.2:** Tout kochon se kochon men tout kochon pa menm. Gen ti kochon kap derape, gen jenn kochon kap grandi, gen kochon ki pou angrese, epi, gen repwodiktèz ki pou fè pitit. Tout sa-yo rele etap nan lavi yon kochon. Etap sa-yo enpòtan pou nou konnen-yo, paske nan chak etap kochon-an gen bezwen pa-li. Pale-nou de tikochon ou derape-non Dan.

**NAR.1:** Lè nou pale de ti kochon nou konsidere, ti kochon-an depi jou li fèt-la jouktan li genyen yon pèz plizomwen de 40 liv. Lè sa-a li gen plizomwen 4 mwa d'aj. Se youn nan etap ki pi enpòtan nan lavi kochon-an. Si yon ti kochon soufri lè li piti konsa, li kapab pase tout lavi-li san li pa janm rive fè yon bèl kochon; li kapab pa bay bon benefis lè li fè pitit. Fè yon ti ekleraj sou jenn kochon ou kochon kap grandi.

1  
2  
3  
4  
5  
6  
7  
8  
9  
10  
11  
12  
13  
14  
15  
16  
17  
18  
19  
20  
21  
22  
23  
24  
25  
26  
27  
28  
29  
30  
31  
32  
33  
34  
35  
36  
37  
38  
39  
40  
41  
42  
43  
44  
45  
46  
47  
48  
49  
50  
51  
52  
53  
54  
55  
56  
57  
58  
59  
60  
61  
62  
63  
64  
65  
66  
67  
68  
69  
70  
71  
72  
73  
74  
75  
76  
77  
78  
79  
80  
81  
82  
83  
84  
85  
86  
87  
88  
89  
90  
91  
92  
93  
94  
95  
96  
97  
98  
99  
100



NAR.2: *Jenn kochon se kochon ki genyen yon pèz ant 40 e 130 liv. Lè sa-a li ta fèt pou li genyen de 4 a 9 mwa d'aj. Se etap nan lavi kochon-an kote nou kab komanse wè klè. Sa vle di, nou rive nan yon kafou kote nou pral chwazi si nap kwaze kochon sa-a ou si n'ap angrese'l pou'n vann-li.*

NAR.1: *Angrèsman menm se denye etap nan lavi yon kochon ki pa bon pou fè pitit. Etap sa-a kab komanse depi 130 liv pou rive jiska plizomwen 220 liv. Si ou kite kochon-an pi gwo pase sa, li pap ba-ou anpil benefis ankò. Li manje plis e li pa profite byen de manje sa-a ke w'ap bali. Kochon kap angrese genyen pou pi piti 9 mwa d'aj.*

NAR.2: *Pou repwodiktèz-yo menm se tout kochon ki la pou fè pitit e ki gen yon pèz de 180 liv pou pi piti e ki gen plis ke 10 mwa d'aj. Genyen mal repwodiktè e genyen tiri e manman repwodiktèz.*

NAR.1: *Lè yon mal kochon rive yon pèz 180 liv e tout bagay-li anfòm dapre jan nou chwazi yon mal, nou kab di li bon pou fè kwazman. Menm jan-an yon tiri ou yon manman kochon kapab nan youn nan 3 eta sila-yo: vid, plenn oswa nouris.*

NAR.2: *Yon tiri ka plenn ou yon manman ki fin sevre pote'l men ki poko rekwaze, nou ka di ke li vid.*

NAR.1: *Manman nouris-la li menm se yon manman kochon kap bay pitit-li yo tete. Pa bliye! Manman nouris-la se li menm ki rèn nan pak-la. Ou dwe bali bon swen paske li gen lavi tout ti kocho-yo sou kont li.*

NAR.2: *Lè nou pale de diferan etap nan lavi kochon-yo, nou kwè se yon*



*bagay ki trè enpòtan paske tout kochon pa merite menm swen. Pa egzanp, yon ti kochon piti bezwen plis atansyon ke yon gwo kochon. Li trè bon pou lè yon moun gade kochon ke yo mete tout kochon menm gwosè ansanm; paske si ou mete gwo ak piti, pi gwo ap vin pi gwo e pi piti ap rete pi piti. Li bon tou pou mete yon gwo koure pou kont-li paske li ka frape yon kochon plenn ki ka kòz li avòte. Anpilo pèd kapab rive nan yon pak pou senp dezòd sa-yo. Kidonk evite miyò pase mande padon.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.1: Kisa nou ta ka di okipasyon ye? Okipasyon se tout swenyaj yon moun dwe bay kochon-li pou li ka jwenn pi bon rezilta. Pou'n jwenn bon rezilta sa-a, men kèk bagay trè enpòtan nou gen pou'n fè:*

*NAR.2: Chak jou bondye ban-nou, fòk nou obsève kochon-nou. Bay kochon-an bon manje ak dlo pwòp pou'l bwè tout tan. Toujou kenbe kote ou gade kochon-an pwòp. Si se nan yon pòchri: blanchi'l souvan ak dlo lacho. Si se yon pak, e ke'l kraze, ranje-li. Si ou kenbe kochon-ou nan kòd veye poulk dòd-la pa kase. Pa melanje ti kochon ak gwo kochon e pa mete twòp kochon nan menm pak-la. Pa janm mete gwo koure-an ak yon tiri ansanm. Pa mele kochon ki renmen goumen. Pa bliye make dat kwazman, menm jou kochon-an kwaze. Veye kochon ki pral fè pitit. Mete kochon ki malad yo apa. Chache toujou genyen kèk ti remèd sou lamèn. Kounye-an nou rive nan seleksyon.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.1: Seleksyon se fason ke ou chwazi kochon pou ou ka jwenn pi bon randman. Men kèk bagay pou nou konnen lè nap fè yon bon seleksyon. Si se yon mal:*  
*Fòk li genyen bon manman ak bon papa*  
*Fòk manman-li pat konn manje pitit-li-yo e pat janm gen pwoblèm lè li te metba.*  
*Fòk li sòti nan yon pòte ki gen anpil gwo pitit*  
*Epi fòk li byen devlope. Pou sa:*



*Fòk li gen 2 grenn byen devlope e menm gwosè  
Fòk li gen pou pi piti 6 bon tete chak bò e fòk li pa genyen  
okenn maladi.*

*NAR.2: Si se yon femèl:*

*Fòk li genyen bon manman ak bon papa.*

*Fòk manman-li pat konn manje pitit-li e pat janm gen pwoblèm  
lè li te metba. Epitou, fòk li sòti nan yon pòte ki gen anpil  
gwo pitit. Fòk li byen devlope. Pou sa:*

*Fòk li genyen yon bèl bòbòt*

*Fòk li genyen pou pi piti 6 bon tete chak bò e fòk li pa  
genyen okenn maladi.*

*NAR.1: Ak bon chwa, lè nou rive fè yon bon seleksyon n'ap ka fè  
bon elvaj kote n'ap jwenn bon benefis.*

*KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PREGRAVE.*





**A:** PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE:** Danièele Mangonès-Dejean  
Koòdinatèz Radyo Ekstansyon

**POU:** Pwogram 3 Pawòl Mekredi 25 Janvyè 1989

**KONTWOL:** ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PREGRAVE

**NAR.1:** Jodia-a 3 Pawòl pòte pou nou: KWAZMAN, KILE OU DWE KWAZE YON KOCHON EPI KONDISYON OU DWE GENYEN AVAN OU KWAZE YON KOCHON POU PREMYE FWA. Ak Danièele Mangonès-Dejean Reskonsab Radyo Ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòman sila-yo avèk nou.

**KONTWOL:** MIZIK APROPRIYE

**NAR.2:** Eske ou ta ka esplike nou afè kwazman sila-a?

**NAR.1:** Yon tiri kochon (yon femèl) gen chalè ant 5e a 7 mwa. Koure kochon-an menm (mal-la) vle kòmanse kwaze ant 5 a 7 mwa tou.

**NAR.2:** Men, pa kwaze yo anvan yo gen 10 mwa d'aj, 180 liv pwa e nan twazyèm chalè. (Repete)

**NAR.1:** ATANSYON: Si kochon-an genyen 10 mwa e li te vin an chalè 3 fwa deja, men li poko gen 180 liv pwa, pa kwaze-l paske





*li toujou twò piti. Yon tiri ki kwaze twò bonè lè li twò pitik p-ap kapab grandi byen epi li p-ap kapab fè anpil pitit. Anplis li ka gen yon pwoblèm lè li metba. Ou ka esplike elvè-nou-yo afè chalè-an?*

**NAR.2:** *Sètènman! Yon femèl kochon gen chalè chak 21 jou. Chak 21 jou epi li rete an chalè pandan 1 jiska 3 jou. Yon femèl vin an chalè tou 4 a 11 jou apre li fin sevre pitit li-yo si li pa mèg. Men, si li mèg, li ka an reta pou vin an chalè oswa li ka sispann chalè nèt.*

**NAR.1:** *Kijan ou fè konnen tiri-an an chalè?*

**NAR.2:** *Men kèk siy chalè:  
Tiri-an gen yon glè ki sòti nan bòbòt-li  
Bòbòt-li rouj e gwo  
Li enterese an koure-a e li rele pou li  
Li aji dwòl e li pa alèz. Li eseye kite pak-li  
Lè ou peze do-l, li rete anplas epi zorèy-li kanpe dwat.*

**NAR.1:** *Si femèl-la bezwen voyaje pou jwenn yon koure pou kwaze, fòk li gen tan abitye ak kòd asnvan li pre pou kwaze. Sa ENPOTAN (Repete) Si femèl-la bezwen voyaje...  
Kwaze femèl-la chak 12 zèd tan pandan li vle kanpe pou koure-a.*

**KONTWOL:** *MIZIK APROPRIYE*

**NAR.2:** *Kilè ou dwe kwaze yon kochon?*

**NAR.1:** *Pa kwaze yon femèl ni yon koure kochon lè li fè two cho! Kwaze-yo maten bonè e aswè lè li pa fè cho. Si yon koure santi twòp chalè, li pap gen jèm pou kwaze pandan 1 a 2 mwa. Donk li tre zenpòtan ke koure-a pa santi twòp chalè. Konsa tou si manman kochon-an vin twò cho pandan li plenn, li ka fè mwens pitit oswa li ka avòte. Si se yon tiri ki vin twò cho pandan l'ap kwaze li ka fè mwens pitit.*



**NAR.2:** *Si ou wè yon kochon ap respire vit avèk bouch li louvri, li twò cho. Rouze'l avèk dlo. Souvan manman kochon-an gen pwoblèm sa-a pandan l'ap metba paske lè sa-a li pa ka regle tanperati kò-li byen. Ki lòt konsèy nou genyen?*

**NAR.1:** *Lò ti konsèy se pou koure-yo. Pa kwaze yon jenn koure (ki poko gen 12 mwa) plis ke 3 fwa pa semenn. Pa kwaze yon gwo koure plis ke 6 fwa pa semenn. Epi repoze koure-a POU 1 JOU anvan li kwaze ak yon lòt tiri ankò. Si ou kwaze yon koure twòp, femèl kochon-an pral fè mwens pitit.*

**NAR.2:** *Pandan 18 a 23 jou apre yon tiri ou byen yon manman kochon te kwaze, li enpòtan tcheke'l pou chalè ankò. Si li gen chalè ankò, LI PA PLENN. Donk kwaze'l ankò. Si li pa gen chalè ankò, gen yon bon chans ke li plenn.*

**NAR.1:** *Trè zenpòtan make dat femèl la te kwaze jou-a menm: Si li pa gen chalè 21 jou apre kwazman, li pral fè pitit apeprè 114 jou (sa vle di 3 mwa plis 3 semenn plis 3 jou) oswa 16 semenn plis 2 jou apre dat kwazman-an. 114 jou kòmanse depi dat mal-la te kwaze femèl-la premye fwa-a.*

**NAR.2:** *Pa bliye, gen manman ki konn vòlè 2 ou 3 jou. Epi gen manman ki konn gen reta 2 ou 3 jou tou.*

**NAR.1:** *Yon denye rekòmandasyon: Pa janm kwaze 2 kochon ki nan menm fanmi. Sa vle di pa janm kwaze sè ak frè, papa ak pitit li oswa manman ak pitit li paske si ou fè sa: ti kochon yo ka fèt fèb oswa ak defòmasyon. Sa vle di ou bese ras la lè ou fè sa.*

**NAR.2:** *Lè 2 kochon nan menm fanmi kwaze, sa rele "konsanginite" Konsanginite oswa maryaj san.*

**KONTWOL:** *MIZIK APROPRIYE*

**NAR.1:** *Kounye-an nou ta renmen fè-nou tandè kisa 2 tiri (si yo te ka pale) kisa yo chak ta di-nou sou kondisyon ou dwe genyen avan ou kwaze yon kochon pou premye fwa.*



**MADAM:** *Kijan ou ye madam Bacha?*

**MALOUKOUCH**

**MADAM:** *Trè byen mèsi wi madam Maloukòch. Mwen gen yon mwa vakans*  
**BACHA** *byen merite apre dezyèm akouchman'm mwen sevre 14 pitit,*  
*e ou menm?*

**MADAM:** *kò-a pa twò bon. Mwen menm tou m'sou dezyèm akouchman'm,*  
**MALOUKOUCH** *men sa te pase mal. Imajine-ou mwen rete 5 pitit sou 2*  
*mizba. Doktè Pigadok te di'm ke yo te kwaze'm twò bonè--*  
*twò piti. Mwwn pa't gen tan repose'm, yo vinn kwaze'm*  
*ankò. Mwen rete piti, mwen rete mèg bò kote-ou. Sa'k*  
*pi rèd nou gen menm laj.*


**MADAM:** *Mèt-ou-an Misye Makryo trè neglijan e li twò prese. Li kite*  
**BACHA** *ou viv nan yon kote ki sal e ki gen imidite. Mèt pa'm Misye*  
*Janbon, te tann mwen peze 220 liv epi ke'm te vinn bèl jou*  
*kwazman'm. Si ou te ka wè'm: mwen te gran, mwen te ronn*  
*kon yon boul...mwen te byen pare pou'm vinn yon manman!*

**NAR.1:** *Atansyon! Gen 3 bagay ke nou dwe respekte avan nou kwaze yon*  
*tiri pou premye fwa:*

1. *Fòk li peze 220 liv*
2. *Fòk li gen omwen 8 mwa daj*
3. *Fòk tiri-a sou twazyèm chalè-li.*

**NAR.2:** *Pa bliye, lè nou fè premye kwazman-an twò bonè, manman kochon*  
*an fè 4, 5 pitit tou fèb! Konpare ak yon manman ki kwaze*  
*nan bon kondisyon, li menm, li ka ba-ou 12, 14 ti kochon.*  
*Pa kwaze twò bonè....si non, n'ap bije tann lontannn,*  
*depanse yon bann lajan avan nou rive genyen yon bèl pòte.*

**KONTWOL:** *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PREGRAVE.*





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean**  
**Koòdinatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: Pwogram 3 pawòl jedi 26 Janvyè 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PREGRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: JESTASYON - SWEN POU BAY KOCHON**  
**KI PLENN EPI METBA. Ak Danièle Mangonès-Dejean, Reskonsab**  
**Radyo Ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-a**  
**avèk nou. KISA NOU RELE JESTASYON?**

**NAR.2: Jestasyon se depi lè kochon-an finn kwaze epi li pa mande**  
**ankò. Nou kapab di ke kochon-an plenn si 21 jou apre kwazman-**  
**an li pa tounen an chalè ankò. Pandan jestasyon-an ti kochon**  
**yo fòm epi yo devlope andedan vant manman-an jouktan yo fèt.**

**NAR.1: Ki dire jestasyon-an oswa konbyen tan kochon-an fè plenn?**  
**Nòmalmman yon kochon fè 114 jou plenn. Gen moun ki di 16**  
**semenn plis 2 jou. Gen lòt ki di 3 mwa plis 3 semenn plis**  
**3 jou. Men tout egal menm bagay. Gen kochon ki konn vole**  
**2-3 jou, konsa tou gen lòt ki konn gen 2-3 jou reta. 114 jou-**  
**an koumanse depi dat mal-la kwaze femèl-la premye fwa.**  
**Ki swen nou dwe bay yon kochon ki plenn?**

**NAR.2: Kochon ki plenn bezwen anpil swenyaj. Men kèk ladan-yo**  
**Bayo manje ki gen anpil vitamin tankou fèy ak fwi men pa bayo**  
**twòp manje pou yo pa vin twò gra. Bayo dlo pwòp toutan pou**





yo bwè. Si ou gen plizyè kochon toujou sèvi kochon plenn-lan avan lòt-yo pou yo pa eseye sòti de pak-yo pou vòlè lòt kochon-yo. Fè yo fè egzèsis tanzantan. Pa kite yo goumen ak lòt kochon pou evite AVOTMAN. Trè enpòtan pa kite twòp chalè bat-yo. 21 avan metba bay remèd touye vè (vèmifuj) repete Bay remèd...

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1:** Jou kki pi enpòtan pou yon elvè kochon se lè bèt-li-an pral metba. Nou pral pale nou de ki preparasyon nou dwe fè. Chwazi yon kote asire pou kochon-an fè pitit Si ou genyen pòchri fè yon kay matènite. Bare yon ti kwen pou ti kochon-yo lè yo fin fèt. Pa bliye dezenfekte kote sa-a anvan ou mete kochon-an ladan'l. Ou ka fè sa ak dlo lacho: 95% dlo, 5% lacho. Bali plis manje pandan 5 jou avan li metba. Si ou gen kay matènite mete kochon-an kote sila-a 5 jou anvan dat metba-a pou'l ka abitye. Bali fèy papay rache pou ede lèt-li desann. 3 jou anvan metba lave kochon an byen pwòp.

**NAR.2:** Kisa nou dwe fè jou metba-a? Obsève kochon-an tanzantan e bali bon dlo pwòp. Pran prekosyon e lave bòbòt-nan byen lave pou evite enfeksyon. Lave tete-yo tou. Si kochon-an nan kay matènite seche-li byen epi mete pay pou li fè nich. Si jousa-a kochon-an pata fè pitit bali yon ti manje tou piti, kontinye veye-li, pa fè bwi pou pa nwi-li. Men, kouman nou ka konnen metba pa lwen?

**NAR.1:** Bòbòt-li vin rouj e gwo. Nou ka wè kochon-an gen tèt chaje paske li kouche, li leve e li mòde bwa anplis li fè nich. Li pa vle manje. Si ou peze tete'l gen lèt ki sòti ladan'l. Li respire vit. Kilè nou konnen metba koumanse menm:



**NAR.2:** *Nou konnen metba koumanse menm lè kochon-an rete kouche. Gen glè ak san ki koumanse sòti nan bòbòt-li. L sa-a nou ka di, li kase lè zo. Lè gen pouse epi finalman ti kochon yo koumanse sòti. Si yon kochon ap fè pitit san pwoblèm yon ti kochon sòti chak 25 minit. Li trè zenpòtan tou pou nou veve si manman kochon-an jete sa nou rele swa mèt vant swa sak, swa plassenta oswa konpani. Se lè li fin jete sak-la ke nou ka di: metba fini.*

**NAR.1:** *Nou konsidere ke fè pitit se yon bagay ki natirèl. Sonje lè kochon maron ap fè pitit-li pa genyen moun pou ede'l. Men lè n'ap gade kochon, nap depanse lajan, fòk nou pran prekosyon pou nou pa fè defisi. Men kèk konsèy nou ka swiv lè nou koute 2 ti kochon k'ap viv nan 2 sityasyon diferan*

#### **KONTWOL: BWI TI KOCHON**

**RIRI:** *Kijan kò-a ye?*

**LOLO:** *Mwen mal, mwen frèt. Si yo te ka kenbe la-a sèk! Men frè-m nan sòt mouri la-a, kòz lapli k'ap plede koule nan ti twou sa-a w'ap gade anlè tèt mwen. Si yo pa jwenn yon jan pou chofe'm vit, mwen kwè m'pral mouri tou.*

**RIRI:** *Sa fè-m la penn-ou. Ou kwè kontan mwen kontan. Nan pak nou-an, yo ranje tout goutyè-yo, yo fè yon ti kwen ladan-l toutafè espesyal pou nou, yo mete pay sèk chak jou pou kenbe nou byen cho. Fòk mwen di-ou tou ke lontan nou te gen yon gadyen ki te konn rouze-nou lè li t'ap fè netwayaj. Lè sa-a mwen te pèdi anpil frè-m ak sèm.*

**LOLO:** *Kòm pak-ou-an byen pre pam-nan mwen espere gadyen pa-m-nan a pran bon egzansp lè li wè tout ti kochon yo anfòm bò lakay-ou petèt la chanje sityasyon-m.*

**NAR.1:** *Mesanmi, sonje. Lè solèy-la cho, nou dwe pwòpte matènite an. Men, lè nap lave pak-la, retire tout ti kochon-yo mete-yo nan yon bwat oswa yon panyen - Lave pak-la, byen seche-l anvan nou remete ti kochon-yo ladan-l.*



**NAR.2:** *Si nou vle sevre tout ti kochon nou-yo, pa bliye fòk nou kenbe ti kochon-yo pwòp (sa vle di retire pou pou bò kote-yo chak jou). Fòk nou kenbe ti kochon-yo sèk (sa vle di pa kite lapli rantrè kote yo ye e pa kite yo mouye) epi kenbe ti kochon-yo cho (ki vle di mete zèb sèch oubyen pay sèch pou kenbe cho e chanje zè lan oswa pay-la chak jou).  
Evite toujou miyò pase mande padon.*

**KONTWOL:** *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PREGRAVE.*





A: *PWOGRAM RADYO EKSTANSYON*

DE: *Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdinatèz Radyo Ekstansyon*

POU: *Pwogram 3 pawòl Samdi 28 Janvye 1989*

KONTWOL: *ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL-LA AK MIZIK PREGRAVE*

NAR.1: *Jodia-a 3 Pawòl pòte pou nou: DIAKOUT-LA CHAJE. Ak  
Danièle Mangonès-Dejean, Reskonsab Radyo Ekstansyon IIKA.  
Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.  
Men kisa DIAKOUT CHAJE pòte pou nou jodi-a:*

NAR.2: *Esplikasyon sou kèk mo.*

NAR.1: *Diferan bagay ki ka kòz maladi*

NAR.2: *Zen sou kann*

NAR.1: *Kisa pou'n fè lè gen Dyare kay ti kochon.*

NAR.2: *Mizik popilè*

NAR.1: *Kijan ouka fè'n konnen si ou gen yon pwoblèm oswa si ou  
bezwen yon ti ekleraj sou pwogram 3 pawòl-la*





**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Kisa sa ye yon enfeksyon?*

**NAR.1:** *Yon enfeksyon se lè yon mikwòb atake kò-a. Pa egzanp lè ou gen dyare, sa ka akòz yon mikwòb k'ap atake trip ou. Sa vle di ou gen yon ENFEKSYON nan trip-ou. Lè ou gen nemoni, sa se akòz yon mikwòb k'ap atake poumon ou.*

**NAR.2:** *Eske lafyèy se yon enfeksyon?*

**NAR.1:** *Non, lafyèy pa yon enfeksyon. Me lè ou gen yon moun oswa yon bèt ki gen lafyèy se yon sòt de avètisman ki di-ou ke bèt sa-a oswa moun-sa-a genyen yon enfeksyon.*

**NAR.2:** *Mwen konn tande nan zon mwen-an fèmme yo k'ap pale, mwen konn tande di:"fè atansyon ak bèt ou an paske gen yon maladi kontajyèz nan zon-nan". Sa sa vle di?*

**NAR.1:** *Yon maladi kontajyèz se yon maladi ki ka kontamine lòt bèt. Sa vle di si bèt mwen-an gen yon maladi kontajyèz, pa-ou-an ka trape'l.*

**NAR.2:** *Pou jodi-a n'ap rete la.*

**NAR.1:** *Li trè zenpòtan ke nou pale de bagay ki ka kòz diferan kalite maladi. Kisa nou vle di la-a? Nou di ke tout maladi pa gen menm kòz.*

**NAR.2:** *Gen maladi enfektyèz pa egzanp - yon maladi enfektyèz rive akòz yon mikwòb k'ap atake kò-a. Lè yon mikwòb atake kò-a, nou rele sa yon enfeksyon. Nan mikwòb ki genyen ou ka jwenn 3 diferan kalite ke n'a esplike-ou an detay yon lòt fwa. Jodi-a n'ap ba-ou egzanp yon maladi enfektyèz:  
Tetanòs se yon maladi enfektyèz  
pyas se yon maladi enfektyèz  
raj se yon maladi enfektyèz*



**NAR.1:** *Ou te di gen plizyè bagay ki ka kòz diferan maladi. Ban-nou kèk egzanj.*

**NAR.2:** *Enfestasyon se yon lòt kòz maladi. Lè yon parasit sou kò-a oswa andedan kò-a li atake kò-a nou ka di bèt sa-a oswa moun sa-a enfeste. Men kèk egzanj enfestasyon ak parazit sou po: TIK, POU, GAL, PIS, VE MOUCH se enfestasyon ak parazit sou po. Men kèk enfestasyon yon parazit andedan kò-a: Vè poumon, Tenya, Vè nan trip se enfestasyon yon parazit andedan kò-a.*

**KONTWOL:** *MIZIK APROPRIYE PREGRAVE*

**NAR.2:** *Nou nan yon bèl ti kote ki rele Chantal. Jodi-an nou pral fè yon ti koze ak yon elvè ki genyen yon pòchri nan zòn-lan. Li rele Blan.*

**M. ELISYE:** *Banm nouvèl-ou non Blan, kijan w'ap boule?*

**BLAN:** *N'ap degaje-nou wi Madam Elisye. Men, bò isit-lan, semenn sa-a nou pèdi anpil ti kochon.*

**M. ELISYE:** *Pa dim sa non Blan, poukisa n'ap pèdi ti kochon konsa?*

**BLAN:** *Depi kèk tan nou remake ti kochon-yo ap plede mouri apre fo fè youn ou de jou ak dyare.*

**M. ELISYE:** *Dyare menm? Kouman dyare?*

**BLAN:** *Ou konnen: Dyare! Tankou lè timoun gen dyare, vant mennen... sa vle di: yo pou pou dlo plizyè fwa nan yon jounen.*

**M. ELISYE:** *Mon chè-o, sa se yon pwoblèm!*

**BLAN:** *Wi Madam Elisye, se yon pwoblèm pou ti kochon-yo paske yo vin mèg, yo vin fèb, yo pèdi anpil dlo nan kò-yo. E si nou pa ranplase dlo sila-a, sa ka vin kòz yo mouri.*

**M. ELISYE:** *Blan, eske ou ka esplike'm kisa ki ka bay ti kochon-yo dyare?*



**BLAN:** *Ebyen ma kòmè'm, se pa yon sèl bagay, genyen plizyè, tankou:*

- . *Lè nou kite ti kochon-yo yon kote ki gen imidite ak fredri.*
- . *Lè nou pa pran swen okipe ke manje n'ap bay ti kochon-yo gate oswa yon move manje.*
- . *Lè ti kochon-yo jwenn ak mikwòb ki nan pou pou ak dlo sal.*
- . *Lè yo pa bwè premye lèt manman-yo ke nou rele kolòstwòm (repete).*

**M. ELISYE:** *Sa se anpil bagay pou yon moun sonje! Eske gen lòt?*

**BLAN:** *Lè ti kochon-an gen vè nan lestomak oswa nan trip-li, sa ka ba-li dyare tou.*

**M. ELISYE:** *Mwen konn gen pwoblèm dyare tou lè mwen bay yon nouvo manje sibatman. Men, Blan, di'm non kijan nou taka evite dyare kay ti kochon-yo?*

**BLAN:** *Ou sonje ou t'ap di talè-an ke ou gen pou konnen tout kòz, tout bagay ki ka bay ti kochon-yo dyare?*

**M. ELISYE:** *OU vle di'm ke depi'm chanje sityasyon sa-yo mwen pa'p gen dyare lakay mwen?*

**BLAN:** *Se sa menm Madan Elisye!*

- *Mete ti kochon-yo yon kote ki sèk eki pwòp*
- *Mete pay sèch pou kenbe yo cho.*
- *Mete bon manje ni pou manman ni pou pitit*
- *Bay ti kochon-yo dlo pwòp pou yo bwè tout tan*
- *Lè yo fèk fèt mete-yo tete premye lèt manman-yo.*
- Mete yo tete kolòstwòm-nan touswit apre yo fèt.*
- *Apre sevraj, bayo remèd pou vè.*

**M. ELISYE:** *Tou sa pa sa, kisa pou'm fè si dyare fin anvayi lakay mwen?*

**BLAN:** *Gen 3 trètman ou ka fè:*

- *Youn, se sewòm oral*
- Sewòm oral-lan, se pou ranplase dlo yò te pèdi nan kò-yo.*
- Si ou ka jwenn sewòm oral bò lakay-ou, men kijan pou pare'l:*



*Melanje yon sache sewòm oral ak 3 boutèy dlo sous, dlo pwòp. Men, si ou pa jwenn sa bò lakay-ou, ou ka pare pwòp sewòm oral-ou. Men sa pou fè:*

*W'ap pran 3 grenn gwo sèl ak 2 kiyè sik w'ap plen yon boutèy kola 3 fwa ak dlo pwòp Mete dlo-an epi 3 grenn gwo sèl-lan epi 2 kiyè sik-lan epi melanje 3 bagay sa-yo. M'ap rebran pou nou: W'ap pran 3 grenn gwo sèl.....*

**M. ELISYE:** *Kisa pou fè apre sa?*

**BLAN:** *Bay ti kochon-yo bwè valè yo vle nan yon veso ki pwòp. Yon veso ki pwòp wi! Bayo-li 5 fwa pa jou jistan dyare-an koupe. Ou ka bayo te boujon gwayav tou, li bon anpil!*

**M. ELISYE:** *Ki fè la-a, pa genb lòt bagay pou'm fè? Ou pa genb lòt rekòmandasyon?*

**BLAN:** *Sewòm oral-lan ap ranplase dlo ti kochon-yo te pèdi ak dyare-an. Men, fòk ou bayo remèd pou rete dyare-an tankou: KAOPEKTAT (2 FWA PA JOU) OSWA 1 GRENN TETRASIKLIN. 1 GRENN 250 MILIGRAM TETRASIKLIN chak jou pandan 4 jou. Pou kochon ki sevre-yo, bayo remèd vè tankou: ATGA OSWA FENBENDAZOL - - ATGA OSWA FENBENDAZOL.*

**M. ELISYE:** *Sonje pa gen medikaman ki fè mirak. Se tout prekosyon-yo ansanm ki ka fè ou jwenn bon rezilta: pwòte - chalè - bon dlo pwòp - bon manje ak bon swenyaj. Pa bliye: evite miyò pase mande padon.*

**KONTWOL:** *MIZIK APROPRIYE*

**NAR.2:** *Kounye-an zen sou kann*

**NAR.1:** *Kann, se yon kilti ki trè popilè an Ayiti e ki genyen yon tradisyon nan kilti nou-an depi nan tan gran gran papa-nou.*

**NAR.2:** *Nan zòn la Plèn Leogan, plèn Kil de Sak, Plèn O'Kay epi nan Plato Santral, nou ka jwenn kokennchen plantasyon kann.*





**NAR.1:** *Kilti sa-a genyen anpil itilite nan peyi nou-an. Yo sèvi ak 80 pou san kann-nan pou fè siwo anvan yo sèvi ak siwo sila-a pou fè kleren epi nou sèvi sèlman ak 20 pou san ki rete-an pou'n fè sik.*

**NAR.2:** *Yon bon chanjman nan tradisyon sila-a taka pèmèt-nou itilize kann pou'n bay kochon nou-yo manje. Men, kijan pou'n fè sa? Sou ki fòm pou'n bay kann-lan?*

**NAR.1:** *Gen 2 fason ou ka itilize kann-nan nan manje kochon. Sa sa ta pi bon bagay nou ta gen dwa fè nan peyi d'Ayiti paske kann-nan disponib an grann kantite.*

**NAR.2:** *Nou ka sèvi ak ji-an fasilman. Gen moulen kann ki fèt nan peyi-an menm, ke bèt tankou milèt, bèf oswa chwal ka rale.*

**NAR.1:** *Sa se yon sous enèji pou kochon-yo ki pa'p koute nou twò chè. Enèji se tankou gasòy'l li ye. Li bay fòs. Ji kann-nan se yon manje ki pa koute nou twò chè e ke nou ka melanje ak lòt bagay tankou fèy, pay epi son-yo.*

**NAR.2:** *Lè ou sèvi ak ji kann ou pa bezwen achte manje konplè. Sèl bagay, fòk ou melanje'l ak fèy oubyen si ou kapab, achte yon ti konsantre.*

**NAR.1:** *Konsantre-an, se yon sous pwoteyin li ye. Pwoteyin-nan se sa ki fè vyann nan kò bèt-la. Pou pi piti, konsantre dwe genyen 38 pou san pwoteyin (repete) pou pi piti... Nou di ke nan yon manje konplè, byen balanse, konsantre-an se poto mitan manje-an li ye.*

**NAR.2:** *Kochon ki manje ji kann ak yon ti konsantre melanje ladan'l, grandi pi vit ke kochon k'ap manje son de ble ak manje konplè nou jwenn achte ki deja tou pare.*

**NAR.1:** *Pou kochon-an ka byen pwofite de ji-an fòk ou bali'l fre chak jou. Kantite ji ak kantite konsantre ou dwè melanje ak ji sa-a va depann nan ki etap oswa kategori kochon-an ye.*



**NAR.2:** *Nou sonje, Madi, nou te pale-nou de enpòtans konnen nan ki etap kochon-nou-yo ye?*

**NAR.1:** *Si se yon ti kochon ou dwe bali yon galon ji kann melanje ak yon liv e ka konsantre.*

*Kochon k'ap angrese ou dwe bali 2 galon 3 ka melanje ak 2 liv konsantre*

*Kochon ki nouris ou dwe bali 3 a 4 galon ji kann melanje ak 3 a 4 liv konsantre paske manman nouris-la ap fè lèt e li gen tout ti kochon-yo sou kont-li.*

**NAR.2:** *Yon lòt jan nou ka bay kann-nan tou se si nou rache'l an ti mòso, men, nou rekòmande fason sa-a sèlman pou repwodiktè-yo sitou koure-yo epi tiri kochon ki plenn-yo.*

**NAR.1:** *Ti kochon k'ap grandi e kochon ki an angrèsman pa grandi vit. Yo pa vrèman pwofite lè ou bayo kann-nan rache konsa.*

**NAR.2:** *Li trè zenpòtan pou sèvi ak bagès kann-nan epi dlo kann-lan pou bay kabrit, bèf ak poul-nou-yo manje. Konsa nou sèvi ak tout pwodui kann-lan nèt alkole.*

**NAR.1:** *Lè ou itilize ji kann pou bay kochon-ou manje ou kapab jwenn pi bon rezilta, bèt-ou-yo kapab pwofite pi byen epi anplis se yon veritab pwodui nasyonal li ye.*

**KONTWOL:** *MIZIK APROPRIYE*

*DE: ZANMI ODITE-NOU-YO, SI NOU TA GEN KEK KESYON JISKA GILBERT ST. JUSTE ROSEAUX PRE-GRAVE*

**KONTWOL:** *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean**  
**Kòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL LENDI 30 JANVYE 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: ESPLIKASYON SOU VAKSEN - ESKE LA FYEV SE YON MALADI EPI N'AP REPRAN 2 KALITE ANTIBYOTIK KI KA ITIL-NOU. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**MADAN BLEZ: Vini, vini, mwen gen vaksen kont roujè pou nou. MEn, anvan mwen bannou'l, fòk mwen esplike nou kijan pou'n sèvi avèk-li.**

**LUSYEN: Mwen gen yon kochon ki gen roujè. OU kwè kontan m' kontan, mwen pral vaksinen'l jodi-a menm!**

**MADAN BLEZ: Bon, se bagay sa-a menm mwen te vle evite. Mwen pral esplike-ou kisa yon vaksen ye. Vaksen, se yon bagay yo bay ni moun ni bèt pou anpeche sèten maladi. Sa vle di nou bay vaksen anvan maladi-a rive. Si yoh bèt gen tan tonbe malad, li twò ta pou vaksinen'l kont maladi sa-a.**



**LUSYEN:** *Ki vle di bèt mwen-an pral mouri*

**MADAN BLEZ:** *Mwen pa di sa. Gen trètman ou ka fè pou li men ou pa ka bay bèt ki malad vaksen paske si ou fè sa, vaksen-an ap frape kò'l e li ka fè'l pi malad. OU ka sèlman bay vaksen lè bèt-lan an bòn sante.*

**LUSYEN:** *Alòs kisa-m ka fè pou kochon-m-nan ki gen roujè?*

**MADAN BLEZ:** *Ou ka trete'l ak penicilin . Penicilin se yon antibyotik ki ka touye bakteri sa-a.. Yon fwa bèt sa-a fin gen roujè, ou pa bezwen vaksinen'l ankò.*

**LUSYEN:** *Donk, si mwen konprann byen vaksen pa fèt pou trete maladi...vaksen fèt pou anpeche maladi?*

**MADAN BLEZ:** *Se sa menm Lusyen. Men, fòk mwen di-ou ke pa gen vaksen kont tout maladi. Nou gen sèlman pou kèk tankou: vaksen pou anpeche tetanòs, vaksen pou anpeche chabon, vaksen pou anpeche raj. Men, sonje si nou bay yon bèt yon vaksen pou anpeche tetanòs, sa pa'p anpeche'l tonbe malad ak chabon. Eske ou konnen ki swen ou dwe pran ak vaksen?*

**LUSYEN:** *Mwen kwè gen plizyè. Men, mwen pa si.*

**MADAN BLEZ:** *Chalè ka gate vaksen: alòs kenbe vaksen-an nan yon tèmòs ak glas. Pa janm mete vaksen nan frizè (pati frijidè-an ki fè glas) Jamè, Jamè mete vaksen nan frizè! Nenpòt bagay ki sal ka gate vaksen. Alòs toujou sèvi ak zegwi epi sereng ki nèf e esteril. Dezenfektan tankou tentidyòd oswa klorox ka gate vaksen donk lè n'ap vaksinen b'Et toujou sèvi ak sereng ak zegwi nèf. Sa vle di, pa mete vaksen nan yon sereng ki dezenfekte menm si ou rensè sereng-lan byen rensè, paske ti kras dezenfektan-an ki rete nan sereng-lan ka detwi vaksen-an e fè'l inital nan kò bèt-la.*





**LUSYEN:** Lè n'ap vaksinen plizyè bèt sonje se bèt ki an bon sante nou dwe vaksinen. Chanje zegwi-a apeprè chak 5 bèt. Chanje zegwi-a nenpòt lè li tonbe atè oswa li vin sal.

**KONTWOL:** MIZIK APROPRIYE

**NAR.1:** Kisa la fyèv ye? Eske se yon maladi?

**NAR.2:** Non, la fyèv pa yon maladi. Se yon siy ki di-ou kò swa yon moun, swa yon bèt trè malad ak yon enfeksyon. Medikaman ki ka touye enfeksyon se antibyotik. Li ka fè lafyèv la disparèt nèt. N'ap di kochon nou-an genyen yon enfeksyon ak yon gwo la fyèv.

**NAR.1:** Kisa nou ka fè pou la fyèv-la tonbe

**NAR.2:** Benyen kochon-an oswa mete konprès dlo frèt nan fant kwis deyè'l-yo. Tanzantan benyen'l jouktan la fyèv-la tonbe. Sa trè zenpòtan sitou pou yon manman kochon ki nouris paske si'l gen fyèv li p'ap vle bay ti kochon-yo tete donk fòk ou jwenn yon jan pou soulaje'l touswit.

**NAR.1:** E ti kochon-yo?

**NAR.2:** Fòk nou fè trè zatansyon. Kote nou ka mouye, benyen manman kochon-an, nou fèt pou'n pran tout prekosyon-nou ak ti kochon-yo paske si yo menm yo mouye, yo ka malad e sak pi grav yo ka mouri. Donk, retire-yo bò manman-an, mete-yo swa nan yon panyen oubyen nan yon bwat katon pandan n'ap fè trètman pou manman kochon-an.

**KONTWOL:** MIZIK APROPRIYE

**NAR.1:** M'ap rebran pou nou 2 kalite antibyotik ki ka itil-nou.

**NAR.2:** Anpisilin an grenn se yon antibyotik pou konbat nenpòt enfeksyon akòz bakteri anndan kò yon kochon. Pa egzanp li ka bon pou ti kochon ki gen dyare. Dòz oswa kantite ou dwe bali Pou grenn ki gen fòs 250 miligram: Pou ti kochon avan li



sevre bali demi grenn 2 fwa pa jou pandan 3 jou omwens. Pou ti kochon apre li sevre bali 1 grenn 2 fwa pa jou pandan 3 jou omwens. Pou jèn kochon bali 4 grenn 2 fwa pa jou pandan 3 jou omwens.


**NAR.1:** Pou grenn ki gen fòs 500 miligram. Pou jèn kochon bali 2 grenn 2 fwa pa jou pandan 3 jou omwens. Pou gwo kochon bali 6 grenn 2 fwa pa jou pandan 3 jou omwens. Sa se pou grenn-yo e piki-yo

**NAR.2:** Penisilin pwokayin se yon antibyotik ki touye tout mikwòb (ke nou rele bakteri) lè yo atake kò kochon-an. Li ka bon pou yon manman ki gen yon blesi oswa yon enfeksyon nan manmèl oswa yon manman ki gen la fyèv. Dòz oswa kantite ou dwe bali se 1 cc pou chak 30 liv pwa bèt-la (REPETE)

**NAR.1:** Pou yon kochon ki fèk fèt bali yon ka cc  
 Pou yon kochon ki gen 2 mwa bali yon demi cc  
 Pou yon kochon 4 mwa bali 1 a 2 cc  
 Pou yon kochon 8 mwa bali 5 cc  
 E pou yon kochon ki gen plis ke 12 mwa bali 12 cc  
 M'ap rebran pou nou...

**KONTWOL:** FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE





**A:** PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE:** Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon

**POU:** PWOGRAM 3 PAWOL MADI 31 JANVYE, 1989

**KONTWOL:** ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

**NAR.1:** Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: KEK TI KONSEY DOKTE MORIN SI NOU GEN BEF, CHWAL, KOCHON OSWA KABRIT. EPI KIJAN POU'N FE BON FWEN. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IIKA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.

**KONTWOL:** MIZIK APROPRIYE

**NAR.2:** Si nou gen bèf, kochon oswa chwal, men kisa pou'n fè si yo gen tik, gal oswa pou:

**NAR.1:** Nou ka jwenn achte pi fasilman MALATYONG, MALATYONG. Malatyong se yon pwazon ke nou ka itilize kont tik, gal ak pou. Genyen 2 kalite malatyong. Malatyong likid ki genyen 57 pou san fòs epi malatyong an poud ki genyen 24 pou san fòs.

**NAR.2:** Men kijan pou sèvi ak malatyong likid-la ki genyen 57 pou san fòs: W'ap mete 3 gwo kiyè swa (30 cc) mete 3 gwo kiyè malatyong, nou konprann byen: 3 gwo kiyè malatyong likid-la nan yon galon dlo. Benyen bèf-la chak 2 semenn. OU ka fè trètman sila-a youn, 2 oswa 3 fwa si gen nesesite.



**NAR.1:** *Pou malatyong an poud ki gen 24 pou san fòs: w'ap mete 7 gwo kiyè, nou tande'm byen 7 gwo kiyè malatyong an poud nan yon galon dlo. Benyen bèf-la chak 2 semenn. Fè trètman sila-a youn, 2 oswa 3 fwa si gen nesesite.*

**NAR.2:** *Men kijan pou anpeche pwoblèm vè kay kabrit.*

**NAR.1:** *Bay vèmifif chak 3 mwa. Bay vèmifij (remèd touye vè) chak 3 mwa. Lè ou taye zèb pou kabrit mare'l anlè ou byen mete'l nan yon manjwa pou zèb-la rete pwòp. Mare kabrit-la kote ki pa gen pou pou kabrit e change'l plas chak jou.*

**NAR.2:** *Sou kijan pou koupe zago kabrit-yo, sa sa pral yon demonstrasyon ke ekip ekstansyon IKA-a ki sou teren-a pral fè nan chak zòn. Pran kontak swa ak fòmateur nan zòn-ou-an oswa ajan veterinè oubyen agronòm distrik zòn-ou-an. Pou plis enfòmasyon, kontakte ajan veterinè, agronòm distrik oswa fòmateur ki nan zòn-ou-an. Pwochè fwa nou fè yon ti koze sou kabrit nou pral pale-ou de KWAZMAN. N'ap ba-ou ti konsèy doktè Morin te kite pou nou sou kòzman sa-a.*

**NAR.1:** *Kounye-a nou pral tande kèk ti konsèy Doktè Morin sou elvaj bèf.*

**NAR.2:** *Kijan pou evite pwoblèm e kenbe bèf nou-yo an fòm? Bayo bon dlo pou bwè chak jou - Bayo bon manje chak jou. Avan tan sèk, fè yon depo fwen pou yo ka toujou gen bon manje pandan sechrès.*

**NAR.1:** *Chache bon mineral pou yo manje. Si ou gen mwayen achte yon blòk mineral pou bèf ou-an ka niche. L'ap jwenn tout kalite mineral ladan'l. Mineral ke bèf manke plis an Ayiti se fosfò. Lè bèf-lan manke fosfò, li mal pou'l grandi, li mal*





*pou'l repwodui.*

**NAR.2:** *Si bèf-ou-an gen pwoblèm tik, trete'l pou sa. Sonje trètman malatyong-nan. Bay bèf-ou-an vèmifij remèd touye vè) Vèmifij 4 fwa pa ane. Kenbe bèf-ou-an yon kote ki pa twò mouye pou zago'l pa pouri. Si zago-yo vin twò long, taye-yo.*

**NAR.1:** *Fè tout jefò pou evite aksidan pa egzanzp: bèf tonbe nan kòd epi li toufe. Oswa bèf-lan tonbe epi li kase janm-li. Veye bèf-ou-an chak jou pou ka trete pwoblèm oswa maladi bonè avan li vin grav. Epi pa bliye: EVITE MIYO PASE MANDE PADON!*

**KONTWOL:** *MIZIK APROPRIYE*

**NAR.1:** *Men kèk zen sou kijan pou'n fè bon fwen. Lè gen bon zèb ki toujou byen vèt, byen jenn, rekolte kèk nan zèb-yo pou fè yon depo fwen. Lè ou fè fwen, w'ap konsève zèb-lan pou lè tan-an vin sèk. Se fwen-an ki ka kenbe bèf-la nan tan sèk, lè pa gen bon zèb pou yo manje.*

**NAR.2:** *Lè gen bon tan: taye zèb-la pou fè yon depo fwen. Taye zèb-la apre solèy fin leve epitou lè pa gen lawouze ankò. Gaye zèb-la atè e tounen'l chak jou pou solèy kapab seche'l. Tounen zèb-la dousman pou li pa pèdi tout fèy-li.*

**NAR.1:** *ENPOTAN: Mete fwen-an andedan yon kay ki pa koule oubyen yon tonèl epi mete ròch anba fwen-an pou'l pa mouye paske si sa rive l'ap gate. Pou fè fwen-an pi gou, ou ka mete kèk grenn sèl nan mitan chak kouch. Men kijan nou ka pèdi fwen-an:*

**NAR.2:** *Fwen-an pa't gen tan ase sèk avan ou te mete'l nan depo. Sa ka fè'l dekonpoze. Sa vle di, fwen-an chofe poukont-li e li vin kwit. Lapli-a mouye fwen-an e fè'l gate. Fwen-an pèdi fèy-li akòz li twò sèk.*

**NAR.1:** *Donk, sonje: Rekolte zèb jenn e byen vèt. Koupe zèb-lan lè solèy fin leve epitou lè pa gen lawouze ankò. Gaye zèb-lan atè e tounen-li chak jou pou solèy-la seche'l. Tounen zèb-la dousman pou'l pa pèdi fèy-li. Mete fwen-an andedan yon kay ki pa koule*



*Mete ròch anba fwèn-an pou'l pa mouye*

*NAR.2: Epi kèk denye ti rekòmandasyon:*

*Si ou vle fè fwèn-an genyen plis gou: mete kèk grenn sèl nan mitan chak kouch. Sonje se foraj ki jenn ki gen plis nouriti e ki fè pi bon fwèn. Donk, pa fè fwèn ak foraj ki twò vye.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**





**A:** PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE:** Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon

**POU:** PWOGRAM 3 PAWOL MEKREDI 1 FEVRIYE 1989

**KONTWOL:** ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

**NAR.1:** Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: MANMAN KOCHON KI MANKE LET - KONSEY DOKTE MORIN SOU ZAFE KWAZMAN EPI KEK TI KONSEY SOU MIZBA. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IIKA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.

**KONTWOL:** MIZIK APROPRIYE

**NAR.1:** Jodi-a nou pral pale sou yon pwoblèm anpil elvè konn genyen e ki ka vin yon gwo pwoblèm ki ka fè'n pèdi anpil lajan si nou pa konnen kijan pou'n rezoud-li: se lè yon manman kochon vin manke lèt.

**NAR.2:** Kijan ou ka wè pwoblèm sa-a oswa sispèk manman kochon-an manke lèt?

**NAR.1:** Ti kochon-yo grangou anpil epi yo plenyen anpil. Y'ap chache lèt lan plizyè tete. Ou ka wè pafwa ti kochon-yo vin mèt e fèb. Manman-an konn kouche sou vant-li. Li pa vle pitit-li-yo tete. Pafwa manman kochon-an gen la fyèb epi manmèl-li anfle.



**NAR.2:** *Poukisa yon bagay konsa rive?*

*De fwa se paske manman kochon-an pa't jwenn ase dlo pwòp pou li bwè. Nou konnen ke plis ke 3 ka lèt se dlo. Donk, si ou pa bay dlo ou pa'p jwenn lèt. Manman kochon-an ka twò cho. Manman kochon-an pa't jwenn tout kalite manje depi lè li te plenn. Li ka genyen enfeksyon nan mamèl oswa enfeksyon nan matris-li.*

**NAR.1:** *Lè sa rive fòk nou reaji touswit! Premye bagay se jwenn yon lòt sous lèt pou ti kochon-yo touswit. Si kochon-yo pa bwè lèt byen vit yo ka mouri. Men kisa ou ka fè pou sove-yo.*

**NAR.2:** *Bayo sewòm oral. Sewòm oral ka kenbe kò-yo youn a 2 jou. Ou ka bay ti kochon-yo lèt bèf oswa lèt kabrit omwens 6 fwa pa jou. OU ka bayo lèt an poud tou. Men kijan pou prepare'l:*

**NAR.1:** *Melanje 1 boutèy kola plen ak dlo bouyi ak 2 gwo kiyè lèt an poud epi demi ti kiyè lwil kizin. M'ap reprann pou nou... Bay lèt sa-a ak yon kiyè, yon sereng oswa nan yon veso. Si se nan veso: premye fwa-a, mete nen ti kochon-yo ladan'l. Ti kochon-yo entelijan, depi ou montre-yo yon premye fwa apre sa y'ap chache chimen lèt-lan ki nan veso-an poukont-yo.*

**NAR.2:** *Yon denye rekòmandasyon. Si ou gen kèk lòt manman nouris, mete ti kochon-yo avèk-li. Men, toujou veye pou tout ti kochon-yo gen menm fòs.*

**NAR.1:** *Sa se pou ti kochon-yo. Men pa bliye ke fòk nou pran swen manman-an. Si nou fè sa a tan lèt-li ka retounen. Men kisa pou'n fè:*

- . Bay Manman kochon-an anpil dlo pwòp pou li bwè toutan epi bali plis manje.*
- . Si'l nan solèy, mete'l nan lonbraj*
- . Si'l twò cho, benyen'l*





- . Bali fèy papay pou'l manje. Sa ka ede lèt-li desann
- . Fè masaj nan manmèl-li
- . Si'l gen la fyèv (ki vle di li gen yon enfeksyon) bali antibyotik pandan 3 jou.

NAR.2: Sa se te yon ti koze sou: manman kochon ki manke lèt.

NAR.1: Lòt jou nou te pwomèt tounen ak konsèy Doktè Morin sou zafè kwazman.

NAR.2: Nou kenbe pwomès nou. Men, fòk mwen di-nou ke anpil fwa nan peyi nou-an, nou pa okipe kilè oswa kijan bèt-nou-yo kwaze. Sa se yon erè paske si nou pran swen n'ap toujou jwenn pi bon rezilta.

NAR.1: En ben, esplike kilè kabrit kòmanse gen chalè?

NAR.2: Kabrit kòmanse gen chalè ant 5 a 10 mwa.

NAR.1: Ki ti konsèy Doktè Morin voye pou nou?

NAR.2: Li di, si ou bay femèl kabrit-la plis manje pandan 3 semenn, 3 semenn wi avan ou kwaze'l, gen yon pi bon chans pou'l fè plis pitit.

NAR.1: Sa se gwo zen. Men ou konn yon bagay: li fè sans. Paske, lè yon fanm ansent, si li pa manje byen, li ka fè yon ti pitit ki rachitik/ ki pa byen vini. Bon manje enpòtan anpil pou yon femèl kabrit k'ap pare pou'l tann pitit.

NAR.2: Tou sa pa sa an-nou tounen sou zafè chalè. Kabrit gen chalè chak 21 jou e yo rete an chale 1 a 3 jou. Chak 21 jou yo gen chalè e yo rete an chalè 1 a 3 jou. Men kèk siy ou kapab wè:  
 Kabrit-la aji dwòl  
 Li pa alèz  
 Li pipi souvan  
 Li enterese nan bouk-la

NAR.1: Kisa nou dwe fè lè konsa?



**NAR.2:** *Ou gen dwa kwaze femèl kabrit-la 2 fwa pa jou pandan li gen chalè oswa ou ka lagew'l avèk bouk-la.*

**NAR.1:** *Eske ou gen kèk denye rekòmandasyon pou moun-yo?*

**NAR.2:** *Mwen ta renmen esplike yo ke femèl kabrit pran 5 mwa pou fè pitit. Sa vle di, si li kwaze 20 Septanm l'ap fè pitit 20 Fevriye konsa. Oswa si yon kabrit kwaze 20 Mas l'ap fè pitit 20 Out konsa. Bali plis manje pandan 6 semenn avan li fè pitit.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1:** *Kèk konsèy Doktè Morin voye pou nou*

**NAR.2:** *Si tout bagay mache byen, ti kabrit yo ap fèt ant 1 è a 2 zèd tan apre femèl kabrit-la kòmanse akouche. Si ti kabrit yo poko fèt inèd tan apre femèl kabrit-la kaze lezo, mete'l tèt anba e leve deyè'l pou ti kabrit-yo ka rearanje andedan'l. Apre sa lage'l. Gen bon chans pou pitit yo fèt.*

**NAR.1:** *E si femèl-la toujou gen pwoblèm sa-a?*

**NAR.2:** *Lè sa-a wa lave men-ou, bra-ou jouk anba zesèl-ou. Pa bliye koupe zong-ou. Lave byen lave epi apre sa lave deyè femèl kabrit-la epi mete men-ou andedan'l dousman pou eseye rale pitit-li-yo deyò.*

**NAR.1:** *Mwen te tande yon ajan veterinè di ke si ou gen yon manman ki te gen pwoblèm akouchman fòk ou bali antibyotik, kisa ou di dan sa ou menm*

**NAR.2:** *Annefè, si ou mete men-ou andedan'l oswa li te gen kèk enfeksyon apre yon akouchman difisil w'ap bali 1 cc penisilin pwokayin pou chak 30 liv pwa li, yon fwa pa jou pandan 5 jou omwens. Sa vle di chak 30 liv pwa bèt-la genyen w'ap bali 1cc. M'ap ba-ou yon egzanzp: si manman kabrit-la peze 180 liv w'ap bali 6 cc penisilin pwokayin pandan 5 jiska 7 jou.*

**NAR.1:** *Nòmalmenfemèl kabrit-la pral gen ti kabrit-li-yo san pwoblèm,*



*men li toujou bon pou nou konnen kisa pou nou fè si jamè nou  
vin gen kèk konplikasyon. Evite toujou miyò pase mande padon.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**




*men li toujou bon pou nou konnen kisa pou nou fè si jamè nou  
vin gen kèk konplikasyon. Evite toujou miyò pase mande padon.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**







**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean**  
**Kòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL JEDI 2 FEV 1989**

**NAR.1: Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: GERIZON SAN REMED, GERIZON AVEK DLO - KILE DLO-A KAPAB PI BON PASE REMED - REMED KI BON EPI SA KI PA BON EPI KI JAN POU'N SEVI AK REMED. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2: Eske nou te konnen ke gen anpil maladi ki pa mande remèd? Annefè gen, anpil maladi ki pa mande remèd. Kò bèt-la oswa moun-nan gen defans pa'l pou goumen kont maladi. Nan pi fò ka, se defans kò'l ki pi enpòtan pase remèd pou tounen bèt-la an bon sante ankò.**

**NAR.1: Lè nou deside itilize yon remèd, se toujou defans kò-a ki pou monte maladi-a. Remèd sèlman ede kò bèt-la nan travay pa'l. Se bon swen tankou pwòpte, poze, dlo, bon manje e lonbraj ki toujou enpòtan pou ede bèt-la geri.**



**NAR.2:** Gen de lè nou bay remèd e bèt-la refè epi nou panse se remèd-la menm ki te geri gèt-la. Men, li posib ke bèt-la t'ap refè poukont-li ni avèk remèd-la, ni san remèd-la.

**NAR.1:** Menm si ou pa rete kote ki gen remèd modèn, gen anpil bagay ou toujou kapab fè pou anpeche e trete pi fò maladi. Gen anpil moun ki kwè twòp nan piki. Men sonje ke: **BON ELVAJ PA SOTI NAN BOUTEY REMED OSWA NAN PIKI!!!** Okontrè. Bon elvaj sòti nan konesans nou gen sou elvaj, bon manje, bon dlo e jefò nou fè pou evite pwoblèm e pou bay bèt-nou bon swen chak jou.

**NAR.2:** Epi si moun ta aprann kijan pou sèvi ak dlo kòrèkteman, sa sèlman taka fè plis pou anpeche e geri maladi pase tout remèd yo sèvi e mal sèvi. Pi fò moun menm ka viv san remèd. Men pa gen yon sèl moun ni yon sèl bèt ki ka viv san dlo. An reyalyite, plis pase mwatye kò bèt-la se dlo li ye. Si tout abitan ta gen bon dlo ki pa lwen lakay-li epi si tout abitan ta sèvi ak dlo nan yon fason ki pi bon, kantite maladi ak lanmò, sitou nan jenn bèt e timoun ta ka vin de fwa mwens.

**NAR.1:** Pa egzanp, dlo kritik pou anpeche e trete dyare. Gen anpil kote dyare se maladi ki pi kouran. Li touye plis jenn bèt ak timoun. Souvan se dlo kontamine ki kontribye nan kòz-la. Sa ki touye jenn bèt-yo e timoun-yo avèk dyare se pwoblèm dezidratasyon. Sa vle di kò-a vin twò sèk. Donk se dlo-a oswa sewòm oral ki ka sove timoun e ti bèt ki gen dyare. Lè ou fè-yo bè likid sa-a, w'ap ranplase likid yo te pèdi. Se likid-la ki pi enpòtan pase tout remèd pou konbat pwoblèm dyare.

**NAR.2:** Pou anpeche pwoblèm dyare akòz mikwòb nan trip-la: bay dlo potab. Pou anpeche pwoblèm akòz enfeksyon sou po-a: benyen souvan ak dlo. Pou anpeche pwoblèm blesi k'ap tounen maleng: lave blesi-a byen ak savon e dlo.

**NAR.1:** Pou trete pwoblèm dyare oswa dezidratasyon: bwè anpil likid tankou dlo, ji ou sewòm oral. Pou trete maladi ak fyèv: bwè anpil likid tankou dlo, ji ou sewòm oral. Pou trete pwoblèm



*fyèw ki wo: benyen bèt-la ak dlo ki frèt. Pou trete pwoblèm touse, grip ou lagoum: bwè anpil dlo. Pou trete pwoblèm blesi ou pyas: lave ak dlo e savon. Pou trete pwoblèm absè: tranpe yon twal oswa yon tòchon nan dlo cho e mete'l sou absè-a pou fè'l vin mi pi vit e apre absè-a pete oswa ou fann-li, rense'l byen ak dlo. Pou trete pwoblèm asid, tè ou nenpòt lòt bagay ki rive nan je-a: benyen je-a touswit ak dlo. Pou trete pwoblèm konstipasyon oswa pou pou ki twò sèk: bwè anpil dlo oswa bay yon lavman ka dlo ki savonnen.*

*NAR.2: Gen remèd yo vann nan famasi e nan boutik ki gen anpil valè. Gen lòt ki pa gen valè ditou. Epi gen moun ki sèvi ak remèd nan yon fason ki pa bon. Se konsa remèd-la ka fè plis domaj pase èd. Pou yon remèd ka ede nou, se pou nou sèvi avèk-li kòrèkteman.*

*NAR.1: Anpil moun, doktè e travayè sante preskri twòp remèd. Sa vle di yo preskri yon remèd lè bèt-la ou moun-nan pa bezwen-li vrèman. Gen kalite remèd ki gen plis risk pase lòt. Malerèzman, gen moun ki sèvi ak remèd ki gen plis risk pou yon maladi ki pa tèman grav. Anpil fwa gen yon lòt remèd ki gen mwens risk pi ki mwen chè e ki ka toujou bay menm rezilta. Alòs, pa bay remèd ki gen plis risk pou yon maladi ki pa grav!*

*NAR.2: Gen travayè sante, doktè, teknisyen veterinè ak doktè veterinè ki bay remèd menm si moun-nan ou bèt-la pa bezwen'l. Yo konnen ke moun malad-la oswa mèt bèt-la ap tann sa de li menm. Donk pou fè yo kontan, doktè-a bay malad-la remèd-la kanmèm.*

*NAR.1: Sonje: remèd se pa yon jwèt. Remèd kapab touye.*


*NAR.2: Sèvi ak remèd sèlman lè li nesesè. Konnen byen kijan pou sèvi ak remèd-la epi ki prekosyon remèd-la genyen avan ou sèvi avèk li. Konnen byen dòz oubyen kantite ou dwe bay avan ou sèvi ak remèd-la. Si remèd-la pa ede pwoblèm-nan, apre 3 jou oswa si li fè yon pwoblèm tankou yon reaksyon alèjik, sispann sèvi ak li. Si ou pa sèten kijan pou sèvi ak yon remèd, cache konsèy nan men yon moun ki konnen.*



**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**







**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean**  
**Kòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL VANDREDI 3 FEVRIYE 1989**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: DIAKOUT-LA CHAJE ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk-nou. Men kisa diakout chaje pòte pou nou jodi-a:**

**NAR.2: Eksperyans yon elvè Bonbad ap pataje ak yon makòmè'l Pòdepè - Zen sou Nim - Mizik Popilè epi kisa pou'n fè si nou gen yon ti pwoblèm oubyen si nou ta bezwen asistans ak yon ti demonstrasyon.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**LIZI: Mon konpè Josafa, bò lakay mwen, moun nou-yo di: bèf se bèt ou ka mare'l yon kote, ou pa bezwen okipe'l. Konsa tou, bèt nou-yo pa ban-nou bon ranman.**

**JOSAFÀ: Nòman ke sa rive-nou Lizi, abitud kite bèt nou yo anba gwo solèy, nou pa menm okipe konnen si yo jwenn bon kou zèb pou yo manje. Lè konsa bèf-la vin sèch, li pa vo anyen.**



**LIZI:** Sa se verite-an menm, konpè Josafa. Men, tanpri, fè yon ti ekleraj sou kijan epi kilè nou dwe kwaze bèf-yo.

**JOSAFSA:** Lè bèf-yo rive ant 8 a 12 mwa konsa, yo kòmanse vle kwaze. Si y'ap grandi byen ou ka kwaze-yo lè yo gen 2 zan. Men, si yo pa byen vini, si yo pa devlope byen, tann jouktan yo gen 2 zan e demi, 3 zan konsa anvan ou kwaze-yo, paske si ou kwaze yon femèl, yon gazèl lè li twò piti, li pa'p ka devlope, ni fè pitit jan li ta dwe-an epi li ka gen maldanfan. Eske ou ka pataje ak elvè nou-yo ti kòzman mwenn te esplike-ou lòt jou sou chalè, epitou lè vach-la plenn?

**LIZI:** Pa gen pwoblèm, Josafa. Bèf vin an chalè chak 21 jou e li rete an chalè 1 a 3 jou. Men kisa nou ka wè: Pou femèl-la, li aji dwòl, li enterese nan toro-an, gen yon likid byen klè ki sòti nan bòbòt-li epi lòt bèf vle monte'l. Lè sa-a li rete byen anplas e li kite lòt bèf-la monte'l. Kounye-a nou ka di nou pare pou'n kwaze vach-la. N'ap fè sa douz è d'tan pandan li an chalè-an epi li vle kanpe pou toro-a. Yon lòt bagay nou ka fè, se lage'l ak toro-a. Si nou ta wè yon ti san, pa trakase tèt-nou. Li nòmal aprè chalè, pou ti kras san sòti nan bòbòt vach-la. Ki lòt bagay Josafa?

**JOSAFSA:** Sonje make dat femèl-la te kwaze. Si'l pa vin an chalè ankò 18 a 24 jou apre kwazman-an, gen bon chans li plenn. Bèf-la plenn pou 9 mwa e pandan'l plenn-nan kenbe'l an bòn eta. Sa vle di, pa kite'l vin ni twò mèg ni twò gra. Tousa pasa, kounye-an vach-la plenn. Pandan'l plenn-la kisa ou ka remake?

**LIZI:** 2 a 3 mwa anvan'l metba vant vach-la kòmanse vin gwo. 1 mwa anvan metba ku jòmanse devlope yon manmèl epitou kote ke'l kòmanse anfonse - kòm si li vle vin plat. 2 a 3 jou anvan mizba tete yo kòmanse plen ak kolòstwòm - premye lèt vach-la. Epi, li gen yon likid ki ka sòti nan bòbòt-li. Kounye-a kisa nou dwe fè?

**JOSAFSA:** Mete bèf-la yon kote kibyen sèk e pwòp pou ti bèf-la pa jwenn



ak mikwòb lè li fèk fèt (ki ka fè'l malad). Li t'ap bon pou mete pay sèk atè kote manman-an ap akouche. Manman-an ap fè pitit nan 2 zèd tan apre li fin kase lèzo. Ou bezwen genyen plis pasyans ak yon gazèl paske li ka bezwen 3 ou 4 trè d'tan pou li fin fè ti bèf-la. Si manman-an ap pouse di, men li pa ka fè pitit oswa si plis ke 2 zèd tan gen tan pase depi li te kase lèzo e anyen pa fèt, ou bezwen pase men-ou pou ou konnen ki pwoblèm manman-an genyen epi pou seye ranje pwoblèm-nan.

**LIZI:** Pou pase men-ou, taye zong-ou, lave men-ou, tout bra-ou jouk anba zesèl-ou byen pwòp - Lave dèyè manman-an ak dlo e savon e pase men ou dousman andedan manman-an pou jwenn ki pwoblèm li genyen. Li ka gen pwoblèm ke pitit-la twò gwo pou pasaj-la oswa pitit-la nan yon pozisyon ki pa bon pou li sòti.

**JOSAFA:** Apre ou fin jwenn ki pwoblèm li genyen eseye ranje'l e rale pitit-la deyò ak men-ou. Si ou ta wè ou pa kapab vrèman, chache yon moun ki konnen ki ka ide-ou. Bay vach-la antibyotik pandan 5 jou apre metba si li te gen yon maldanfan.

#### **KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**DAN:** Semenn denye mwen te fè yon ti kout pye Gonayiv, kote GTZ ak IPL, 2 enstitisyon te òganize yon ti seminè sou nim.

**MANO:** Ou dwe pòte kèk bon bèt pou nou ti Dan?

**DAN:** Mwen te jwenn bon zen ke'm vin pataje jodi-a ak elvè nou-yo. Anpil de nou ki konn fè wout nasyonan Nò, nou konn wè kantite pyebwa nim k'ap pouse bò wout-la. Eben, nim sila-yo ka rann-nou anpil sèvis.

**MANO:** An deyò, anpil elvè deja fè kèk eksperyans ak nim-la. Yo remake kote ki gen anpil pyebwa nim ki plante, gen mwens ti bèt ki atake kilti-yo.

**DAN:** Konsa tou: lè ou pran grenn nim-yo, ou lave-yo ou seche byen seche konsi se grenn palmakristi ou t'ap' seche. Apre yo byen sèch, mete yo nan yon panyen. Pa janm mete-yo nan yon sak palstik - pou yo pa gate - pou yo pa mwazi. Si ou vle fè yon



ekstrè ak dlo grenn nim-la, men kisa pou fè: w'ap pile grenn nim ki fin byen sèk-yo, w'ap mezire'l. W'ap ranpli yon gode sis ak pou-lan. Poud sa-a w'ap melanje'l ak 1 galon dlo - w'ap brase'l epi w'ap kite'l poze 6 zèd tan anvan ou sèvi avèk li.

MANO: Kijan epi poukisa pou'n sèvi ak likid sa-a?

DAN: Likid nou konpoze ak grenn nim-yo, se yon ensektisid natirèl li ye. Li bon pou kontwole: lè pwa madras, lè chan patat maroka, lè chou-ou-yo anvayi ak chenye.

MANO: Men, kisa ensektisi sa-a fè ti bèt sila-yo?

DAN: Lè ti bèt sa-yo pran sant ensektisid ki fèt ak nim-la, yo derefize manje fèy-yo, dè fwa tou li anpeche-yo miltipliye, li anpeche-yo fè pitit.

MANO: Biy geb jèk kòzman tou de pwòp elvè nou-yo nan anpil zòn peyi-a ki konn pran fèy nim-la ke yo seche yon jou konsa anba solèy. Apre sa, yo frote fèy-yo nan 2 men-yo. Yo simen ti mòso fèy-yo sou mayi oswa pwa yo te rekòlte pou bèt pa atake-yo. Eske nou gen lòt rekòmandasyon?

DAN: Lè ou fin prepare ensektisid sila-a, fòk ou sèvi avèk-li menm jou-an. Ou ka sèvi avèk-li pandan yon lòt 2 jou konsa. Men si ou ta vle stoke'l, ou gen pou ekstrè lwuil-la de grenn-yo. Li pa fèt menm jan. W'ap seche grenn-yo menm jan ke lè ou fè ekstrè ak dlo. Men, fwa sa-a, apre ou fin pile'l, ou pral vannen'l nan yon laye, pou retire tout pay-yo. W'ap wè ke l'ap fè yon pat. W'ap pran pat sa-a nan men-ou, w'ap prese'l jouktan ou retire tout lwil ke'l genyen. Lwil sa-a ou ka kenbe'l nan yon bokal byen fèmen pandan 3 mwa. Si ou vle trete yon sak 100 kilo w'ap sèvi ak 4 gode (ki konn kenbe pat tomat) plen ak lwil nim-la. Lè sa-a, bèt pa'p atake pwa-yo. Mano eske ou konnen gen 2 fason pou sèvi ak ensektisid sila-a?

MANO: Wi, ou te esplike'm sa! Youn nan fason sa-yo se ak yon ponp. Si ou pral aspèje ensektisid sila-a ak yon ponp, fòk ou pase ekstrè nim-la ki t'ap tranpe nan dlo-a pandan 6 zèd tan nan

Handwritten text, likely bleed-through from the reverse side of the page. The characters are vertically oriented and appear to be in a South Asian script, possibly Devanagari. The text is partially cut off at the top and bottom edges of the page.



*yon twal fen e pwòp pou kras pa bouche ponp-lan. Men, si ou pa gen yon ponp, kisa pou fè?*

**DAN:** *Si ou pa gen yon ponp, ou ka fè yon penso avèk pay fen. Ou pran penso an pay-lan, ou tranpe'l nan ekstrè-an epi ou pase'l sou plant-yo. Ou fè yon jan pou tout plant-yo byen mouye.*

**MANO:** *Zafè nim-sa-a se gwo zen, anplis ke se yon pyebwa ki grandi vit ou ka sèvi ak fèy-yo epi grenn-yo pou fè ensektisid pou tiye tout ti bèt nwisib ki konn anvayi kilti-nou-yo.*

**DAN:** *Wi mon chè, anplis se yon ensektisid natirèl li ye. Lè ou sèvi avèk li, li pa'p andomaje po-ou, li pa'p andomaje je-ou ni poumon-ou.*

**MANO:** *Nou voye yon gwo kout chapo pou mesye save-yo de Enstiti Alman pou Koperasyon Teknik (GTZ) ak Enstiti Politeknik Loyola (IPL) ki genyen yon pwojè k'ap fè ensektisid natirèl sila-a ak grenn nim-yo an Dominikani.*

**KONTWOL:** *MIZIK POPILE (2:00)*

**MANO:** *Zanmi oditè-nou-yo, si nou ta gen kèk kesyon sou pwogram agrikòl-nou-an 3 Pawòl, pa ezite ekri nou nan biro IKA Bwat Postal 2020 Pòto-Prens m'ap rebran pou nou:.... Pou plis enfòmasyon oswa kèk demonstrasyon, pran kontak ak ekip fòmasyon ki travay ak ekstansyonis IKA-yo sou teren-an:*

**KONTWOL:** *DE NAN ZON NO JISKA GILBERT ST. JUSTE ROSEAUX PRE-GRAVE.*

**KONTWOL:** *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatòz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL LENDI 6 FEVRIYE 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: SWEN POU BAY TI KABRIT - KIJAN POU RETIRE KON-YO E LE OU PRAL ACHTE KABRIT, KIJAN POU CHWAZI-YO. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IIKA. Nou envite pataje kòzman sila-yo avèk-nou.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2: Men ki swen ou dwe bay ti kabrit lè Li fèk fèt: tanpe kòd lonbrit-li nan kèk dezenfektan tankou swa iyòd, swa klorox swa kleren.**

**NAR.1: Sa ka anpeche mikwòb antre nan kòd-la. Mikwòb sa-yo ka fè anpil dega nan kò ti kabrit-la.**

**NAR.2: Ede ti kabrit-la tete touswit apre'l fèt. Sa trè zenpòtan paske premye lèt manman-an ki rele kolòstwòm se yon medsin pou ede ti kabrit-la pase premye pou pou-a ki rele goudron oswa mekonyòm. San kolòstwòm-nan ti kabrit-la ka vin konstipe epi yo pa gen defans menm kont mikwòb. Eske ou ka di-nou kijan pou'n retire kòn kabrit-lan?**



**NAR.1:** *Si ou kenbe kabrit-ou nan yon sèka oswa nan yon pak, retire kòn-yo. Avantaj retire kòn-yo, se pou youn pa blese lòt epi pou kabrit-yo pa blese ti moun. Retire kòn kabrit-la avan kabrit-lan gen 2 mwa paske si ou tann plis ke sa, epi ou kite kabrit-la gwo, sa ka bayo anpil traka. Avantaj kite kòn-yo sè ke kabrit-la gen plis pwoteksyon kont chyen. Eske ou ka esplike elvè-yo kijan yo ka retire kòn-yo?*

**NAR.2:** *Men wi, sa pa twò konplike. N'ap pran yon mòso tiyo epi n'ap mete'l nan dife. Apre tiyo-a byen cho pase'l sou kòn-yo epi konte dousman. Kòmanse: en, de, twa...rete, lè ou rive sou 15. Apre sa, retire tiyo-a. N'ap bezwen yon moun pou ide-nou kenbe ti kabrit-la byen fò anplas, paske sa fè kabrit-la mal. Lè ou boule kòn-yo byen, w'ap wè yon mak byen boule sou kote kòn-yo. ATANSYON: Si ou boule twòp, ou ka boule sèvèl kabrit-la. Ki lòt bagay nou ta ka di-yo sou kabrit-yo?*

**NAR.1:** *Li pi bon si ou chatre ti kabrit anvan yo gen 3 semenn. Epi si ou gen anpil pwoblèm tetanòs nan zòn pa-w, vaksinen ti kabrit-yo kont tetanòs lè yo gen 1 mwa. Bayo yon dezyèm dòz ankò lè yo gen 2 mwa.*

**KONTWOL:** *MIZIK APROPRIYE*

**NAR.2:** *Kounye-an nou pral ban-nou kèk zen sou kijan pou'n chwazi yon kabrit lè n'al pou'n achte'l: chwazi yon kabrit ki konn fè anpil pitit (tankou ras 3 oswa ras 4) - Si kabrit-la poko fè pitit, tyeke si manman'l te konn fè anpil pitit.*

**NAR.1:** *Chwazi yon kabrit ki pa gen defòmasyon tankou move dan, oubyen si se yon bouk, ki gen yon sè grenn. Oubyen pa chwazi yon kabrit ki gen janm ki fèb. Chwazi yon kabrit ki devlope byen vit. Si se yon femèl, chwazi youn ki gen gwo vant pou'l gen anpil plas anpil kapasite pou manje. Asire-ou ke kabrit-la pa*



*ni twò gra ni twò mèg. Kisa ankò Mano?*

*NAR.2: Li trè zenpòtan, lè ou chwazi yon kabrit ke'l pa gen okenn absè epi ke'l pa gen okenn lòt maladi. Si se yon femèl asire-ou ke'l gen bon mamèl, bon janm, bon dan ak yon kò ki fò. E si se yon mal Dan?*

*NAR.1: Si se yon bouk, asire-ou ke grenn-li menm gwosè. Janm-li fò, dan'l yo ak kòl fò tou. Chwazi yobn bèl bouk pou kwaze ak manman kabrit pa-w pou ka amelyore ras-la. Chwazi yon mal ki te sòti nan vant yon manman ki konn fè anpil pitit. Mwen ta renmen ou esplike elvè-nou-yo zafè fanmi lè y'ap chwazi kabrit-yo, Mano.*

*NAR.2: Si w'ap achte kabrit pou fè repwodiksyon - - pou kwaze: asire-ou ke yo pa sòti nan menm fanmi avèk kabrit pa-w. Sa vle di: pa janm kwaze kabrit ki sòti nan menm fanmi-an si ou fè sa, manman-an ka fè pitit defòme, oswa ki pi piti oswa ki pi fèb. Sa vle di, si ou kwaze kabrit ki sòti nan menm fanmi ansanm, ou bese ras-la.*

*NAR.1: Tyeke dan kabrit-la anvan ou achte'l. Sa ka ba-ou laj bèt-la epitou l'ap di-ou nan ki eta dan-yo ye. Pa achte kabrit ki gran moun oswa kabrit ki pa gen bon dan paske yon kabrit ki pa gen bon dan pa ka manje byen e lè sa-a, l'ap vin mèg kanmèm.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**







**A:** PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE:** Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon

**POU:** PWOGRAM 3 PAWOL MADI 7 FEVRIYE 1989

**KONTWOL:** ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

**NAR.1:** Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: *KISA ELVAJ POU VLE DI - DIFERAN KALITE ELVAJ POU - DIFERAN KALITE POUL EPI KONDISYON OU DWE GENYEN LE W'AP FE ELVAJ POUL. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.*

**KONTWOL:** MIZIK APROPRIYE

**NAR.2:** *Nou pral tande plizyè bagay. Lè nou reflechi sou tout sa nou tande-an, n'a ka deside ki kalite gadinaj poul nou kapab fè selon mwayen ak kapasite nou genyen. Selon materyèl nou jwenn nan zòn kote n'ap viv-lan.*

**NAR.1:** *Lè nou pral konsidere elvaj poul, nou dwe mande tèt nou pouki rezon nou vle fè elvaj-lan. Eske se yon komès vann pou, vann ze ki premye enterè nou? Si se sa: se yon elvaj komèsyal li pral ye. Oubyen, eske se yon jan pou nou bay fanmi-nou dekwa pou yo manje pibyèn. Si se sa: se yon elvaj familyal li pral ye. Kèlkeswa sa ou chwazi - yon elvaj komèsyal oswa yon elvaj familyal, fòk ou konsidere ki kalite poul w'ap gade.*



*NAR.2: Poul pou vyann sèlman: sa vle di ou enterese angrese poul-lan vit pou li ba-ou yon bèl kantite vyann. Oubyen poul pou ze sèlman: sa vle di poul-lan la pou li ponpe ze pou-ou. Sèlman ze sa-yo pa fèt pou kouve - yo la pou vann oswa pou ou manje yo - Nou rele kalite poul sa-yo pondèz. Si ou gen poul pou vyann an menm tan ak pondèz, sa vle di ou gen 2 kalite poul lakay-ou. Pale nou de elvaj komèsyal-lan Dan.*

*NAR.1: Anvan ou deside fè yon elvaj komèsyal, ou dwe dlè sou sans mo komèsyal-la. Fè yon elvaj komèsyal vle di: w'ap chache rantabilite. Sa vle di, ou mete kòb deyò pou achte poul, pou achte manje epi achte lòt bagay ou bezwen pou elvaj-lan. Apre yon ti taq, lè w'al vann poul-yo oswa ze-yo, fòk ou rantre tout valè lajan ou te mete deyò, plis fòk ou jwenn yon benefis ki enteresan. Gen de lòt bagay pou konsidere sou kesyon rantabilite-an. Youn: ou gen yon kantite minimòm poul oswa ze pou pwodui pou rive fè yon benefis epi 2: plis ou pwodui yon gran kantite poul se plis ou ka fè yon gwo benefis. Si ou respekte prensip sa-yo ou gen pou realize bèl benefis ak elvaj poul - kit se pou vyann kit se pou ze. Ou dwe poze tèt-ou 4 kesyon si ou vle fè yon elvaj komèsyal:*

- NAR.2:*
- 1. Eske ou gen kote pou vann tout poul ak ze w'ap fè yo*
  - 2. Eske ou gen kote pou kenbe poul ak ze nan depo anvan ou pòte-yo nan mache*
  - 3. Eske ou gen mwayen alèz pou pòte tout poul ak ze nan mache san ou pa fè pèd (tankou poul mouri, poul delala, ze kraze, ze pouri, e latriye?) Epi, touse, san sa pa koute-ou twò chè?*
  - 4. Eske ou gen mwayen ak kapasite pou fè yon bèl kantite poul ak yon bèl kantite ze pou li rapòte-ou benefis ou vle-an Pa bliye, se sou kantite pou ou mare kòb-ou. E elvaj familyal-la, Dan?*



**NAR.1:** *Elvaj familyal, se yon elvaj pou bay fanmi-ou manje, men, ou dwe kanmèm konsidere kèk règ ak prensip, fason pou li rapòte-ou pi byen. Premye bagay pou ou konsidere, se tan yon poul ka viv ak kisa sa ka koute-ou pou ba'l manje pandan tan sa-a parapò ak sa li remèt-ou. Dezyèm bagay se, ki kantite poul nou vle gade. Pa gen yon minimòm nan elvaj familyal men, dèk ou depase yon sèten kantite ou tonbe nan elvaj komèsyal-la. N'ap fè yon ti revizyon.*

**NAR.2:** *Dapre sa nou sòt tandè-an, nou ka wè gen sèten kalite gadinaj ki pi koresponn ak yon elvaj familyal epitou gen lòt ki pi koresponn ak elvaj komèsyal.*  
*Elvaj pou vyann: se yon kalite elvaj ki pi komèsyal paske w'ap fè yon bèl kantite poul pou vann egal ou pa'p ka manje-yo. Elvaj pou ze: gen dwa ni komèsyal ni familyal oswa li ka tou le 2 ansanm. Ou Kapab pwodui bèl ze pou ou ak fanmi-ou epi ou vann sa ki twòp-yo. Konsa ou amelyore ni kalite alimantasyon ni revni-ou (kòb w'ap pòte lakay-ou)*  
*Elvaj mix: se elvaj ze ak vyann - sa se yon elvaj ki pi familyal pase komèsyal paske youn, li pa bay yon gwo ranman ekonomik (lajan) epi 2, sa ki pi enterese-ou se jwenn poul ak ze pou ou avèk fanmi-ou.*

**NAR.1:** *Depi ou vle gade poul, fòk nou chache gen bon poul. Sa vle di nou bezwen poul ki bay bon randman swa nan ze, swa nan vyann. Pou sa nou ka konsidere plizyè ras. Gen moun ki mande si genmwayen pou melyore poul peyi-a? Sètadi fè kwazman poul peyi-yo ak poul etranje-yo? Nou pa'p rekòmande yon bagay konsa, paske nou poko gen mwayen pou nou fè li yon jan pou li bay bon ranman.*

**NAR.2:** *Gen plizyè ras poul pou vyann. Yo tout rele boylè. Poul pou ze se sexlinks (zenga) - Yo adapte-yo byen nan zòn riral-yo. Hisex - Braoun Kòmèt - manje anpil. Lèghòn - se pondèz ki bay plis ze - men, pwoblèm-yo, sèke youn manje lòt.*

**NAR.1:** *Kèlkeswa elvaj ou deside fè: familyal oswa komèsyal - kèlkeswa se yon elvaj pou ze, pou vyann oswa mix, kèlkeswa ras poul ou chwazi-yo, si ou bezwen bon randman, men kèk règ ak*



*kondisyon ou dwe respekte:*

*NAR.2: Elvaj-la dwe nan yon poulaye. Kit poulaye-a fèmen kit li louvri. Li pi bon pase lage poul-lan nan yon lakou ak nan vwazinaj.*

*NAR.1: Poulaye-an dwe gen ase plas pou poul-yo vire, men, twòp plas pa bon non plis.*

*NAR.2: Twòp chalè oswa fredri se traka nan poulaye - pou-yo dwe jwenn manke ak dlo nan bon kantite.*

*NAR.1: Poul-yo dwe jwenn lè pou yo respire - Men, kourandè pa bon pou poul-yo. Manje ou bay poul-yo kit yo fèk fèt kit yo gran gen pou li byen prepare, sètadi gen yon seri eleman enpòtan ou dwe mete de sòt ke poul-la jwenn tout sa kò'l bezwen nan manje-an;*

*NAR.2: E finalman, poul ki pa gen menm laj pa dwe ansanm nan yon sèl poulaye.*

*NAR.1: Nou espere ti konsèy sa-yo sou kadinaj poul ka sèvi-nou.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**







A: **PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

DE; *Danièle Mangonès-Dejean*  
*Koòdonatèz Radyo Ekstansyon*

POU: **PWOGRAM 3 PAWOL MEKREDI 8 FEVRIYE 1989**

KONTWOL: **ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1:** *Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: SIY MALADI KI GRAV - RANSEYMAN OU FET POU BAY YON DOKTE VETERINE - KEK MALADI BET AK MOUN KONN GENYEN. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.*

KONTWOL; **MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Kèlkeswa gadinaj n'ap fè li trè zenpòtan pou'n konnen siy yon maladi ki grav.*

**NAR.1:** *Yon bèt oswa yon moun k'ap pèdi anpil san nenpòt kote nan kò'l: sa grav anpil. Menm jan tou yon bèt oswa yon moun k'ap vomi san oubyen k'ap touse san: fòk nou tyeke sa touswit.*

**NAR.2:** *Difikilte pou respire menm apre bèt-la poze - sa se yon ka ki grav. Yon bèt ki pa ka kanppe (li grav). Pa pipi depi yon jou oswa pa bwè dlo ditou pandan yon jou: fè zatansyon, li ka mouri, si ou pa pran swen touswit.*



**NAR.1:** *Si ou gen yon bèt k'ap pou pou nwa - pou pou ki gen san ladan'l, chache konnen touswit kisa'l manje. Si bèt-la gen vant fè mal - ki vle di kolik: li ka gen gaz, trip todye - li ka gen vè nan trip-li tou.*

**NAR.2:** *Anpil doulè ki dire plis ke 3 jou ka di-ou ke bèt-ou-an genyen yon absè. Si kò yon bèt ta vin rès - sa ka vle di tetanòs. Yon fyèv ki wo ki dire plis ke 3 jou: sa se siy yon gwo enfeksyon.*

**NAR.1:** *Kò bèt-la vin mès pandan plizyè semenn - sa ka siy plizyè maladi. Yon maleng ki kontinye grandi menm apre tretman - ka yon kansè. Nenpòt ti boul sou kò-a ki kontinye grandi ka yon absè.*

**NAR.2:** *Pwoblèm nan metba - nan akouchman: san ki sòti nan bòbòt femèl-la pandan bèt-la plenn: li ka di-ou bèt sa-a ap avòte. Femèl-la an reta pou fè pitit apre li kase lèzo - ka di-ou gen konplikasyon: swa ti bèt-la twò gwo pou pasaj-la, swa li mal plase, li pa ka sòti - - si ou pa ede'l - Manman-an jete matris-li deyò apre li fin fè pitit: sa se yon manman dega. Epi dezidratasyon ki vle di kò swa yon bèt swa yon moun pèdi twòp dlo e li vin sèk: sa se yon ka ki grav anpil si ou pa pran swen: gen lanmò landan'l.*

**NAR.1:** *Lè ou wè yon siy ki grav, se pou ou pa pèdi tan pou trete bèt-la. Si ou mize twòp anvan ou pran ka'l an konsiderasyon bèt-la gen dwa mouri. Si ou pa sèten kijan pou trete bèt-ou-an, chache yon moun ki konnen, ki gen plis eksperyans pase-ou oswa chache yon doktè veterinè.*

**KONTWOL:** **MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Lè w'al chache èd nan men yon doktè veterinè, men kisa pou fè'l konnen: ki kalite bèt ou genyen Si se kochon, si se bèf*



*e latriye. Eske se mal oswa femèl epi ki laj bèt-la genyen.*

**NAR.1:** *Ki siy maladi bèt-la montre-ou epi ki maladi oswa pwoblèm ou kwè bèt-la genyen ak depi kilè pwoblèm sa-a te kòmanse. Fòk ou ta di'l tou kijan pwoblèm-nan te kòmanse.*

**NAR.2:** *Ou ta dwe ka di'l tou si bèt-la kòmanse refè oswa si'l ap vin pi mal. Eske se premye fwa sa rive'l? Si se pa premye fwa, ki denye fwa li te gen pwoblèm sa-a? Si'l gen lafyèv, depi kilè li gen lafyèv?*

**NAR.1:** *Eske bèt-la gen doulè, ki kote? Eske ou te gen tan bay remèd? Ki remèd, ki kantite epi eske bèt-la te kòmanse refè apre ou te bay remèd sa-a An jeneral kijan bèt-la ye? Pa twò mal? Grav? Trè grav? Trè zenpòtan - eske gen lòt bèt nan zòn-nan ki gen menm siy maladi ke bèt-ou-an? Sa vle di, eske ou kwè se yon maladi kontajyèz li ye*


**KONTWOL:** *MIZIK APROPRIYE*

**NAR.2:** *Kèk maladi bèt ak moun konn genyen: DEZYDRATASYON - DEZYDRATASYON.*

**NAR.1:** *Lè moun ak bèt gen dyare, yo jete anpil likid, yo pèdi anpil dlo nan kò-yo ki fè yo ka vin twò sèk. Lè kò-a vin twò sèk nou rele sa: DEZIDRATASYON. Se dezidratasyon ki ka touye ni yon moun ni yon bèt lè yo gen dyare. Se pou sa, li tèlman enpòtan pou ranplase likid y'ap pèdi-an lè yo gen dyare. Lè yon moun ou yon bèt gen yon lafyèv ki wo, kò-yo vin sèk pi vit.*

**NAR.2:** *Epi, yon moun oswa yon bèt ki malad grav e pa ka bwè menm akòz yo twò fèb - ka gen dezidratasyon pi vit e pi fasil. Moun ak bèt nenpòt ki laj ka gen dezidratasyon, men, pwoblèm-nan ka devlope pi vit e pi rès kay ti moun e kay ti bèt. Se pou nou tout konnen siy dezidratasyon, kijan pou anpeche'l epi kijan pou nou trete'l.*

**NAR.1:** *Men siy dezidratasyon oswa lè kò-ou oswa kò yon bèt pèdi anpil*



dlo:

*Bèt-la oswa moun-nan pa pipi oswa li pipi yon ti kras sèlman epi pipi-a gen koulè jòn fonse. Kò-an vin sèk vit, bouch-la sèk - je-yo anfonse pi po-an pa elastik. Men kisa ou ka fè pou konnen si gen dezidratasyon vre:*

*Rale yon pli po avèk pous epi dwèt ki pi pre pous-ou - apre sa lage pli-a. Si pli po sa-a pa desann nan pozisyon nòmal-li touswit apre ou lage'l, gen dezidratasyon.*

**NAR.2:** *Kounye-an trètman ak sewòm oral. Sewòm oral-lan se pou ranplase dlo moun oubyen bèt-la pèdi nan kò'l. Si ou ka jwenn sewòm oral bò lakay-ou men kijan pou prepare'l: Melanje yon sache sewòm oral ak 3 boutèy kola plen ak dlo sous, dlo pwòp. Epi bayo bwè-li 5 fwa pa jou jouktan dyare-an koupe.*


**NAR.1:** *Si ou pa gen sewòm oral bò lakay-ou, ou ka prepare pwòp sewòm oral pa-ou: w'ap pran 3 grenn gwo sèl ak 2 kiyè sik - w'ap plen yon boutèy kola 3 fwa ak dlo pwòp. Mete dlo-an epi 3 grenn gwo sèl-la epi 2 kiyè sik-la epi melanje 3 bagay sa-yo.*

**NAR.2:** *Pa bliye, lè ou gen yon ka dezidratasyon (kò-a ki sèk nèt) fòk ou bay sewòm oral. Si ou pa fè sa kit se ti moun kit se ti bèt yo ka mouri byen vit nan men-ou.*

**KONTWOL:** *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*







**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean**  
**Kòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL JEDI 9 FEVRIYE 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR. 1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: POUKISA NOU TA DWE LIMITE IZAJ ANTIBYOTIK - YON TI ISTWA - LOT KOZ REZISTANS EPI YON TI GID POU EDE-NOU UTILIZE ANTIBYOTIK-YO. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA, nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.**

**NAR. 2: Poukisa nou ta dwe limite izaj antibyotik-yo, Dan?**

**NAR. 1: Se pou nou taq limite izaj tout kalite remèd men li pi enpòtan pou antibyotik-yo. Gen Plizyè rezon pou sa: Si bèt-la pran twòp antibyotik oswa si dòz-la ke'l te resevwa-a pa't korèk, bèt-la ka mouri akòz li pwazonnen.**

**NAR. 2: Tanzantaqn yon bèt ka gen yon move reaksyon, lè li pran yon remèd. Nou rele sa yon reaksyon alèjik. Lè sa rive ou bezwen adrenalin oswa epinefrin. Lè bèt-la fè yon reaksyon alèjik ou bezwen sèvi ak adrenalin oswa epinefrin touswit. Sonje ke anpil moun ak bèt mouri chak ane paske yo te pran yon antibyotyik oswa kèk lòt remèd oswa yon vaksen ke yo pa't bezwen.**





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE; Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL MEKREDI 8 FEVRIYE 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: SIY MALADI KI GRAV - RANSEYMAN  
OU FET POU BAY YON DOKTE VETERINE - KEK MALADI BET AK MOUN  
KONN GENYEN. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo  
ekstansyon IIKA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk  
nou.**

**KONTWOL; MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2: Kèlkeswa gadinaj n'ap fè li trè zenpòtan pou'n konnen siy yon  
maladi ki grav.**

**NAR.1: Yon bèt oswa yon moun k'ap pèdi anpil san nenpòt kote nan  
kò'l: sa grav anpil. Menm jan tou yon bèt oswa yon moun k'ap  
vomi san oubyen k'ap touse san: fòk nou tyeke sa touswit.**

**NAR.2: Difikilte pou respire menm apre bèt-la poze - sa se yon ka ki  
grav. Yon bèt ki pa ka kanppe (li grav). Pa pipi depi yon  
jou oswa pa bwè dlo ditou pandan yon jou: fè zatansyon, li ka  
mouri, si ou pa pran swen touswit.**



**NAR.1:** *Si ou gen yon bèt k'ap pou pou nwa - pou pou ki gen san ladan'l, chache konnen touswit kisa'l manje. Si bèt-la gen vant fè mal - ki vle di kolik: li ka gen gaz, trip todaye - li ka gen vè nan trip-li tou.*

**NAR.2:** *Anpil doulè ki dire plis ke 3 jou ka di-ou ke bèt-ou-an genyen yon absè. Si kò yon bèt ta vin rèd - sa ka vle di tetanòs. Yon fyèv ki wo ki dire plis ke 3 jou: sa se siy yon gwo enfeksyon.*

**NAR.1:** *Kò bèt-la vin mèg pandan plizyè semenn - sa ka siy plizyè maladi. Yon maleng ki kontinye grandi menm apre trètman - ka yon kansè. Nenpòt ti boul sou kò-a ki kontinye grandi ka yon absè.*

**NAR.2:** *Pwoblèm nan metba - nan akouchman: san ki sòti nan bòbòt femèl-la pandan bèt-la plenn: li ka di-ou bèt sa-a ap avòte. Femèl-la an reta pou fè pitit apre li kase lèzo - ka di-ou gen konplikasyon: swa ti bèt-la twò gwo pou pasaj-la, swa li mal plase, li pa ka sòti - - si ou pa ede'l - Manman-an jete matris-li deyò apre li fin fè pitit: sa se yon manman dega. Epi dezidratasyon ki vle di kò swa yon bèt swa yon moun pèdi twòp dlo e li vin sèk: sa se yon ka ki grav anpil si ou pa pran swen: gen lanmò ladan'l.*

**NAR.1:** *Lè ou wè yon siy ki grav, se pou ou pa pèdi tan pou trete bèt-la. Si ou mize twòp anvan ou pran ka'l an konsiderasyon bèt-la gen dwa mouri. Si ou pa sèten kijan pou trete bèt-ou-an, chache yon moun ki konnen, ki gen plis eksperyans pase-ou oswa chache yon doktè veterinè.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Lè w'al chache èd nan men yon doktè veterinè, men kisa pou fè'l konnen: ki kalite bèt ou genyen Si se kochon, si se bèf*



*e latriye. Eske se mal oswa femèl epi ki laj bèt-la genyen.*

**NAR.1:** *Ki siy maladi bèt-la montre-ou epi ki maladi oswa pwoblèm ou kwè bèt-la genyen ak depi kilè pwoblèm sa-a te kòmanse. Fòk ou ta di'l tou kijan pwoblèm-nan te kòmanse.*

**NAR.2:** *Ou ta dwe ka di'l tou si bèt-la kòmanse refè osw si'l ap vin pi mal. Eske se premye fwa sa rive'l? Si se pa premye fwa, ki denye fwa li te gen pwoblèm sa-a? Si'l gen lafyèv, depi kilè li gen lafyèv?*

**NAR.1:** *Eske bèt-la gen doulè, ki kote? Eske ou te gen tan bay remèd? Ki remèd, ki kantite epi eske bèt-la te kòmanse refè apre ou te bay remèd sa-a An jeneral kijan bèt-la ye? Pa twò mal? Grav? Trè grav? Trè zenpòtan - eske gen lòt bèt nan zòn-nan ki gen menm siy maladi ke bèt-ou-an? Sa vle di, eske ou kwè se yon maladi kontajyèz li ye*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Kèk maladi bèt ak moun konn genyen: DEZYDRATASYON - DEZYDRATASYON.*

**NAR.1:** *Lè moun ak bèt gen dyare, yo jete anpil likid, yo pèdi anpil dlo nan kò-yo ki fè yo ka vin twò sèk. Lè kò-a vin twò sèk nou rele sa: DEZIDRATASYON. Se dezidratasyon ki ka touye ni yon moun ni yon bèt lè yo gen dyare. Se pou sa, li tèlman enpòtan pou ranplase likid y'ap pèdi-an lè yo gen dyare. Lè yon moun ou yon bèt gen yon lafyèv ki wo, kò-yo vin sèk pi vit.*

**NAR.2:** *Epi, yon moun oswa yon bèt ki malad grav e pa ka bwè menm akòz yo twò fèb - ka gen dezidratasyon pi vit e pi fasil. Moun ak bèt nenpòt ki laj ka gen dezidratasyon, men, pwoblèm-nan ka devlope pi vit e pi rèd kay ti moun e kay ti bèt. Se pou nou tout konnen siy dezidratasyon, kijan pou anpeche'l epi kijan pou nou trete'l.*

**NAR.1:** *Men siy dezidratasyon oswa lè kò-ou oswa kò yon bèt pèdi anpil*





dlo:

*Bèt-la oswa moun-nan pa pipi oswa li pipi yon ti kras sèlman epi pipi-a gen koulè jòn fonse. Kò-an vin sèk vit, bouch-la sèk - je-yo anfonse pi po-an pa elastik. Men kisa ou ka fè pou konnen si gen dezidratasyon vre:*


*Rale yon pli po avèk pous epi dwèt ki pi pre pous-ou - apre sa lage pli-a. Si pli po sa-a pa desann nan pozisyon nòmal-li touswit apre ou lage'l, gen dezidratasyon.*

**NAR.2:** *Kounye-an trètman ak sewòm oral. Sewòm oral-lan se pou ranplase dlo moun oubyen bèt-la pèdi nan kò'l. Si ou ka jwenn sewòm oral bò lakay-ou men kijan pou prepare'l: Melanje yon sache sewòm oral ak 3 boutèy kola plen ak dlo sous, dlo pwòp. Epi bayo bwè-li 5 fwa pa jou jouktan dyare-an koupe.*

**NAR.1:** *Si ou pa gen sewòm oral bò lakay-ou, ou ka prepare pwòp sewòm oral pa-ou: w'ap pran 3 grenn gwo sèl ak 2 kiyè sik - w'ap plen yon boutèy kola 3 fwa ak dlo pwòp. Mete dlo-an epi 3 grenn gwo sèl-la epi 2 kiyè sik-la epi melanje 3 bagay sa-yo.*

**NAR.2:** *Pa bliye, lè ou gen yon ka dezidratasyon (kò-a ki sèk nèt) fòk ou bay sewòm oral. Si ou pa fè sa kit se ti moun kit se ti bèt yo ka mouri byen vit nan men-ou.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon

POU: PWOGRAM 3 PAWOL JEDI 9 FEVRIYE 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR. 1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: **POUKISA NOU TA DWE LIMITE IZAJ ANTIBYOTIK - YON TI ISTWA - LOT KOZ REZISTANS EPI YON TI GID POU EDE-NOU UTILIZE ANTIBYOTIK-YO.** Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA, nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.

NAR. 2: **Poukisa nou ta dwe limite izaj antibyotik-yo, Dan?**

NAR. 1: **Se pou nou taq limite izaj tout kalite remèd men li pi enpòtan pou antibyotik-yo. Gen Plizyè rezon pou sa: Si bèt-la pran twòp antibyotik oswa si dòz-la ke'l te resevwa-a pa't korèk, bèt-la ka mouri akòz li pwazonnen.**

NAR. 2: **Tanzantaqn yon bèt ka gen yon move reaksyon, lè li pran yon remèd. Nou rele sa yon reaksyon alèjik. Lè sa rive ou bezwen adrenalin oswa epinefrin. Lè bèt-la fè yon reaksyon alèjik ou bezwen sèvi ak adrenalin oswa epinefrin touswit. Sonje ke anpil moun ak bèt mouri chak ane paske yo te pran yon antibyotyik oswa kèk lòt remèd oswa yon vaksen ke yo pa't bezwen.**



**NAR. 1:** Lè nou itilize menm antibyotik-lan plizyè fwa kont menm bakteri-a, bakteri-a vin abitye ak antibyotik sa-a. Se konsa antibyotik sa-a kòmanse pa itil menm kont bakteri sa-a ankò. Nou rele sa rezistans. Lè rezistans rive li vin pi difisil pou touye bakteri k'ap fè bèt-la malad. Menm bagay kapab rive ak vèmifuj-yo (remèd touye vè). Sa vle di si nou sèvi ak menm vèmifuj toutan, vè-yo vin abitye avèk-yo epi vèmifuj sa-yo pa mache byen kont vè sa-yo ankò. Ramo, rakonte elvè-yo ti istwa ki te rive bò Fò Jak.

**NAR. 2:** Nan yon pòchri, bò Fò Jak, yo te itilize yon antibyotik pou trete dyare nan ti kochon-yo. Epi travayè-yo te vin depann plis sou antibyotik pou trete dyare-an olye yo anpeche'l. Se konsa yo te itilize antibyotik sa-a anpil. Men, apre kèk mwa konsa, antibyotik sa-a te kòmanse pa pran swen dyare ti kochon-yo ankò menm. Paske, bakteri ki t'ap bay ti kochon-yo dyare te vin rezistan ak antibyotik sa-a. Yo te sispann antibyotik sa-a epi yo te adopte yon lòt. Apre kèk tan menm bagay-la vin pase jouktan yo pa't ka trete ni menm kontwole dyare sa-a menm.

**NAR. 1:** Si travayè sa-yo te fè plis jefò, Ramo, pou netwaye pòchri-a epi te kenbe ti kochon-yo pi sèk, pi pwòp epi pi cho, yo t'ap gen mwens pwoblèm ak dyare e mwens bezwen pou antibyotik. Konsa tou bakteri-yo pa t'ap vin rezistan kont tout antibyotik-yo. Eske ou ka di elvè-yo ki lòt kòz nou genyen pou rezistans kont antibyotik?

**NAR. 2:** Toupatou nan lemonn, maladi enpòtan-yo ap devlope rezistans kont antibyotik-yo. Sak fè sa se lè nou sèvi ak yon antibyotik ki fò kont yon enfeksyon ki pa grav. Ki vle di, pou yon maladi ki pa grav gen antibyotik'ki gen mwens fòs ki ka touye maladi sa-a san pwoblèm.



**NAR. 1:** Donk, li enpòtan pou nou konnen pou'n sèvi ak antibyotik ki gen mwens fòs pou maladi ki pa grav e sere sa ki pi fò-yo pou maladi ki pi grav-yo. Konsa nan gen mwens pwoblèm rezistans. Lòt bagay sèke, pou pi fò ti enfeksyon, antibyotik pa nesèsè menm. Pa egzanzp, pou yon ti blese, nou ka byen lave'l ak savon e dlo e si nou genyen yon ti dezenfektan tankou kloròks, iyòd e menm kleren tranpe yon twal pwòp ladan'l epi mete'l sou blesi-an. Kounye-an nou pral bannou yon ti gid pou izaj tout antibyotik-yo.

**KONTWOL:** MIZIK APROPRIYE


**NAR. 2:** Men kijan pou'n sèvi ak tout antibyotik-yo:

Si nou pa konnen egzakteman kijan pou'n sèvi avèk antibyotik-yo pa sèvi avèk yo. Si nou pa konnen pou ki enfeksyon li bon: pa sèvi ak antibyotik. Sèlman sèvi ak antibyotik ki rekòmande pou enfeksyon w'ap trete-an.

**NAR. 1:** Chache konnen tout risk ki genyen lè w'ap sèvi ak yon antibyotik epi swiv tout prekosyon-yo. Sèvi ak antibyotik-la sèlman selon dòz oswa kantite yo ba-ou-an. Pa plis ni mwens. Dòz oswa kantite ou pral bay-lan pral depann de fòs remèd-la, pwa bèt-la epi ki maladi w'ap trete. Si ou ka bay yon antibyotik pa bouch epi l'ap mache osi byen ke menm antibyotik sila-a an piki, pito ou bay li pa bouch. Bay yon piki sèlman si li nesèsè. Sonje, ak bèt nou rele rimiran tankou bèf, kabrit, antibyotik pa bouch pa mache byen apre yo gen 1 an.

**NAR. 2:** Kontinye sèvi ak antibyotik-la pou pi piti 3 jou oswa jouktan maladi fini nèt oswa pre fyè-v-la ak tout lòt siy maladi-a disparèt. Si antibyotik-la fè bèt-la grate, respire vit, tranble oswa si li fè enflamasyon, ti boul sou po'l ou nenpòt lòt move reaksyon: **PA JANM SEVI AK ANTIBYOTIK SA-A ANKO SOU BET SA-A.**


**NAR. 1:** Sèvi ak antibyotik sèlman lè gen yon gwo bezwen. Lè nou sèvi ak antibyotik twòp, nou fè pwoblèm rezistans-la pi rèd. Si w'ap trete bèt anpil nan zòn pa'w, li ta bon si ou ka gen yon flakon **EPINEFRIN OSWA ADRENALIN - EPINEFRIN OSWA ADRENALIN** pou





*ka kontwole yon reaksyon alèjik si ou ta gen pwoblèm sa-a.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**



## KESYONÈ POU PWOGRAM 3 PAWÒL

1- Nan ki zòn ou rete \_\_\_\_\_

2- Eske kote ou rete-an ou tande pwogram agrikòl  
3 Pawòl la klè?      wi      non

3- Eske ou ka tande Radyo Ayiti byen klè kote  
ou rete-an?      wi      non

4- Ki radyo ki rive byen klè bò lakay-ou?

\_\_\_\_\_! \_\_\_\_\_!

5- Kisa ou renmen nan pwogram 3 Pawòl-lan

\_\_\_\_\_

6- Kisa ou pa renmen? \_\_\_\_\_

7- Eske gen kèk emisyon ou ta renmen tande  
yon lòt fwa?      wi      non

8- Eske gen kèk bagay ou ta renmen chanje  
nan Emisyon yo?      wi      non

9- Eske ou ta renmen fè echanj konesans-ou  
oswa kèk pwoblèm ou gen bò lakay-ou ak lòt  
zòn?      wi      non



**10- Pwogram 3 Pawòl gen kozman sou :**

**Kochon ( )      Kabrit ( )      Chwal ( )**

**Poul ( )      Pyebwa ( )      Ijyèn ( )**

**Diferan Maladi ( )      Sante se Richès ( )**

**Konsèvasyon sol ( )      Konsey Pratik ( )**

**Kisa ou pi pito ?**

**Kisa ou ta vle ajoute ?**

**Bay non yo :**

---

---

---

**Manm IIKA yo remèsye-ou pou repons sa-yo k'ap ede-yo  
fè pwogram agrikòl 3 Pawòl-la vin you pwogram radyo  
riral ki reyèlman osèvis kominote-a**



